№33 (19917) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ХІакъикъат

МагІарулазул республикаялъулаб газета

6 сентябрь 2024 с.
рузман

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦИЯ

## Рахьдал мацІалъул сагІталги Минфиналъул кагъталги

### Лъай кьеялъул къебелъухъ махх бухулеб сас



ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялъул сайталдаса

5 сентябралда Каспийскиялда тІобитІана республикаялъул лъай кьеялъул министр ЯхІя Бучаев гІахьаллъараб пресс-конференция. ЦІияб цІалул соналде рагьараб, СВОялда къадаралде щун хадуб Россиялъул БахІарчиясул цІар щварав МухІамадгІали Мамаджановасул цІар кьураб Каспийскиялъул №16 гимназиялда тІобитІана гьеб пресс-конференция.

МахІачхъалаялдаса рахъарал республикаялъул киналго басмабазул журналисталги гьенире щвезегІан рачІинарун, хас гьабун гьениб щай гьеб данделъи тІобитІарабали бичІчІуларогоги рукІана гІемерисел журналистал. Киналго шартІалги жанир гІуцІараб лъикІаб, берцинаб, гІатІидаб школа бан бахъун бугин шагьаралъул цІияб районалда абун, гьезда бихьизабигІаги букІун батилаха гьелъул мурад. Лъаларо.

ТІадруссинин пресс-конференциялде. ЯхІя Бучаевасда цадахъ гьединго гьенире рачІун рукІана МахІачхъалаялъул ва Каспийск шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулел Эмилия Ражабовги Елена Абрамоваги.

*(Хадусеб 3-абилеб гьумералда)*

ЦІИЯБ ХАБАР

## СагІудиязул вакилзаби – Дагъистаналда




СагІудиязул ГІарабиязул Къираллъиялъул делегация бачІана Дагъистаналде. Гьелъие бетІерлъи гьабуна ХІежалъул ва гІумраялъул ишазул министр Тауфик Фавзан аль-РабигІаца.

Гьединго делегациялъул къокъаялда гьоркьор рукІана Къираллъиялъул Россиялда вугев посол ГІабдурахІман аль-АхІмад ва сагІудиязул авиалиниязул генералияв директор Ибрагьим бен ГІабдурахІман аль-ГІумар.

МахІачхъалаялъул аэропорталда гьезда дандчІвай гьабуна республикаялъул бетІер Сергей Меликовас, сенатор Ильяс ГІумахановас, ДРялъул пачалихъияв секретарь МухІамад-Султан МухІамадовас.

МахІачхъалаялда, Гьудуллъиялъул минаялъуб, сагІудиязул делегациялъул вакилзабазулгун данделъиги тІобитІана. Гьелда гІахьаллъи гьабуна, тІадехун рехсараздаго цадахъ, республикаялъул муфти, шайих АхІмад-хІажи афандица, Россиялъул ХІеж-миссиялъул нухмалъулев ХІизбула Асуевас.

Гьез бицана СагІудиязул Къираллъиялъги Дагъистаналъги цадахъ рекъон гьаризе бегьулел ишазул хІакъалъулъ.

БАГІАРАРАБ РИИ

### Цолъиялъулъ батана къуват



6 гьум. >>>

ХЪИЗАМАЛЪУЛ ТАЛИХІ

### Табасараналъул хІикматал расенал



10 гьум. >>>

МАГІАРУЛАЙ

### «Бигьалъаби ралагьизе киданиги лъугьинчІо»



13 гьум. >>>

# Министразе баркалаги кьуна, халкъалъул хитIабазулги бицана

**ГIадамазул хитIабал, пачалихъиялгун муниципалиял предприятиял цIигьари, ЖКХялдагун сахлъи цIуниялъул идарабазда гьанжезаманалъул къагIидаби хIалтIизари – гьел ва цогидал кIвар бугел масъалабазул хIакъалъулъ бицана ДРялъул бетIер Сергей Меликовас тIобитIараб иргадулаб данделъиялда.**

**С. Меликовас къимат кьуна дагьалъ цере республикаялъул хIукуматалъул идарабазда гьарурал хиса-басиязе. Августалда ДРялъул БетIерасулги ДРялъул хIукуматалъулги администрациялъул нухмалъулевлъун тIамуна МахIач ГIумаров ва ДРялъул сахлъи цIуниялъул министрасул ишал тIуралевлъун – Ярослав Глазов. Гьез божилъиялда рекIкI гьабунгутIиялде хьул бугинги абуна регионалъул бетIерас.**



## Школал раялъул рахъалъ цебесеб кьерда

ЦIияб цIалул сон байбихьиги баркун, С. Меликовас рехсана гьадинал хIужаби: 2021 соналдаса нахъе (ЯхIя Бучаев министрлъун таралдаса) Дагъистаналда цIияб минаялда хIалтIизе байбихьана лъай кьеялъул 143 идара (исана – 21), къачIана 363 школа ва 61 лъималазул ах. «ЦIиял школазда руго спортивиял ва данделъабазул залал, футболалъулгун волейболалъул майданал. Руго аслиялде тIадеги лъай щвезе ресал», – анги абун, ДРялъул бетIерас баркала кьуна гьеб рахъалъ жигараб хIаракатчилъи загьир гьабурал Муслим Телякавовасеги (ДРялъул хIукуматалъул вице-премьер), Бахтияр Уллаевасеги (ДРялъул бакIал раялъул министр) ва муниципалитетазул бутIрузеги.

Сергей Меликовасул баяназда рекъон, Дагъистаналъе жеги хIажат буго кIинусгоялдаса цIикIкIун школа. Цадахъго гьел разе республикаялъул рес рекъечIониги, 2030 соналде гьеб масъала тIубазабизе ракIалда бугинги абуна гьес.

## Халкъалъул хитIабал

МахIач ГIумаровас абухъе, августалда Дагъистаналъул ЦУРалде (регионалъе нухмалъиялъул централде) бачIун буго микьазаргоялдаса цIикIкIун чиясул хитIаб. Цебесеб моцIалде дандеккун, 31 проценталъ дагьлъун руго хитIабал. Дагьлъун руго МахIачхъалаялда ток свинабиялдаги кьищни заманалда нахъе баччиялдаги бан гьарурал хитIабал. Гьел хитIабазул 2263 битIун буго республикаялъул идарабазде, 4311 – муниципалитетазде ва 1758 – батIибатIиял сурсатаздалъун халкъ хьезабулел идарабазде.

РахIат хвезабулел суалазда гьоркьор рехсана транспорталъул масъалаби. Масала, Дербенталда низам-тартиб цIунулеб гьечIо №9 маршруталъулаб таксиялъ. Гьелдалъун гIадамал заманалда щолел гьечIо хIалтIуде. ГIолеб гьечIо транспорт Кривая Балкаялда гIумру гьабулел дагъистаниязеги. Тахшагьаралъул администрациялъ абулеб буго 2025 соналъул январалде МахIачхъалаялде бачIине бугила 17 цIияб автобусги 44 – гьоркьохъеб классалъул автобусгиян. Гьелде тIадеги 94 бакIалда гьабизе буго жамгIияб транспорталъул цIияб остановка.

Данделъиялда хасаб кIвар буссинабуна нухазда низам цIунунгутIиялде. Гъоркьиса республикаялъул нухазда ккана 1677 ДТП. Гьезул хIасилалда хвана 348 ва лъукъана 2450 чи. «Щибаб къоялда Дагъистаналъул нухазда къварилъи ккола ва хола гIадамал, гьезда гьоркьор гьалбалги. Низам цIунунгутIиялъул мисал бихьизабулеб буго блогеразги. Гьединал «бахIарзазе» гIадлуги къвараpаб букIине ккола ва жамагIаталъги кьезе ккола мустахIикъаб къимат!» – ан лъазабуна регионалъул бетIерас.

МахIачхъалаялда гIумру гьабулел дагъистаниял гIарзахъдулел руго цIалул тIахьал гIолел гьечIилан.

ЦУРалде хитIаб гьабуна Табасаран районалда бугеб «Дюрк» абураб нохъо биххун унеб бугиланги. «Дагнаследие» абураб идараялъ гьукъана гьенире зияраталъе хьвадизе, гIадамазул гIумруялъе хIинкъи букIинги хIисабалде босун.

Хасавюрталдаса бачIараб хитIабалда бицунеб буго №16 школалда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ. ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ гьенибе битIана хасаб комиссия ва цIияб школа базе хIукмуги гьабуна. ГьабсагIаталда шагьаралъул администрациялъ балагьулеб буго гьелъие санагIатаб бакI ва республикаялъул хIукуматалъ – 1500 цIалдохъанасе бакI бугеб школа баялъе ресал.

## Сахлъи цIуниялъул идараби цIигьари

Министрасул ишал тIуралев Ярослав Глазовас бицана, пачалихъияб программаялда рекъон, сахлъи цIуниялъул идарабазда гьабураб ва гьабизе бугеб хIалтIул хIакъалъулъ.

2021–2024 соназда капиталияб къагIидаялъ къачIана 190 ва цIигьабуна 15 медицинаялъул идара. Гьезда гьоркьоса анлъго – 2024 соналда. КIиго бакI бан бахъун буго ва ункъоялда гьабун буго хIалтIул 45-90 процент. Босун буго хехго бан бахъунеб (БМК) 190 мина. ХIалтIизабизе байбихьун буго гьанже босараб 1791 цIияб медицинаялъул алат-къайи ва медицинаялъул идарабазухъе кьун буго 516 санитарияб машина.

Гьебго программаялда рекъон, 2025 соналда цIигьабун къачIазе буго кIиго мина ва 75 минаялда гьабизе буго капиталияб ремонт; бакIаризе буго 36 БМК, босизе буго 746 медицинаялъул алат-къайи ва гьел ритIизе руго росабалъ ругел ва тIоцебесеб санитарияб кумек гьабулел медицинаялъул идарабазде; босизе буго хасаб кумекалъул 171 машинаги.

«Дагъистан буго гIемер лъималги гьарулеб, гIумру халатал гIадамалги ругеб ва хвелалги дагьаб Россиялъул регион», – ан абуна Ярослав Глазовас. Рехсана гьес пачалихъияб программаялда рекъон 2026–2030 соназда гьабизе бугеб хIалтIиги: ФАПазе, амбулаториязе, поликлиникабазе, участокалъулал больницабазе ва стационаразе босизе буго 270 БМК, цIигьабизе буго щуго ва капремонт гьабизе буго 374 сахлъи цIуниялъул минаялъе, босизе буго 1180 медицинаялъул алат-къайи ва 162 санитарияб машина.

Сахлъи цIуниялъул модулиял минаби лъезе бакIал, гьенире инженериял коммуникациял рачине хIадурлъеян ва сверухълъи къачIайилан лъазабуна С. Меликовас муниципалитетазул бутIрузда. Транспорталъул министерствоялдаги тIадкъана гьенибе нух гьабиялъул иш тIубазабеян абун.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# «ГIадатал цIунулел»

**ДРялъул Туризмалъул ва халкъиял художествиял промыслабазул министерствоялъ, «Россиялъул халкъиял художествиял промыслал» ассоциациялъул квербакъиялдалъун, 12-15 сентябралда Дербенталда тIобитIизе буго «ГIадатал цIунулел» абураб халкъазда гьоркьосеб фестиваль.**




Гьелъул программаялъул, тIоритIизе ругел данделъабазул бицана «Дагъистан» РИАялда тIобитIараб пресс-конференциялда рехсараб министерствоялъул нухмалъулесул заместитель Анна Безруковалъ, фестивалалъул программаялъул директор СагIаду Казиевас ва ГIурус театралъул директор Тимур МухIамадовас.

ГIемерал гьалбалги, ракIгъураб программаги букIине бугин фестивалалдаян бицана пресс-конференциялда.

Фестивалалъул аслияб масъала ккола халкъиял художествиял промыслал, гIадатал цIуни, цIигьари, бачIунеб гIелалда гьел рихьизари.

Лъабго къоялъ халатбахъине бугеб фестивалалъул буго бечедаб программа: мастер-классал, выставкаби ва цогидабги. Гьелда гIахьаллъи гьабизе буго цогидал республикабаздасагун областаздаса ва къватIисел улкабаздаса рачIине ругел гьалбадерицаги.

Гьел къояз Дербенталде вачIине вуго гIага-шагарго 50 азарго чи.

Фестивалалъул аслияй гьобол – кочIохъан Жасминги ячIине йиго ватIаналде щвезе ва гьелъул кучIдузухъ гIенеккизеги рес букIина фестивалалъул гIахьалчагIазулин бицана данделъиялда.

***П. МУХIАМАЕВА***

# Рахьдал мацIалъул сагIталги Минфиналъул кагъталги

## Лъай кьеялъул къебелъухъ махх бухулеб сас

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

### Санайил хисулел сияхIаз тIахьазда михир бачунеб буго

Пресс-конференция нухда бачана «Дагъистаналъул гIолилал» газеталъул редактор Рамазан Ражабовас. Гьесго кьуна министрасе тIоцебесеб суалги. Республикаялъул школал цIалул тIахьаздалъун хьезариялъул иш кинин бугебин абураб.



**Пресс-конференциялде рачIун рукIана цIалдохъабиги ва гьезул улбулги**

- ЦIияб цIалул соналде щивав цIалдохъан хIажатабщиналдалъун хьезавизе ккани, хIажалъула 2500 гъурущ. Гьеб гIарац гIола гьесие хIажатал тIахьал гуребги цогидабги къайи-цIа босизе. Амма республикаялъул закон къабул гьабулез (Халкъияб Собраниялъ - **авт**.) гьабураб хIукмуялда рекъон, щивав цIалдохъанасе тIахьал росизе биччалеб буго гIицIго 160 гъурущ. Гьеб абуни махIиецин гIоларо. Гьединлъидал республикаялъул бюджеталъ кIварабгIан цIикIкIун гIарац биччалеб буго гьелъие, ресал ратулел руго. Дида ракIалда буго, цIалул тIахьал росизе бищун цIикIкIун гIарац биччан букIана 2018-2019 цIалул соназда. Амма доб мехалъ росарал тIахьазул 12 процент гурони гьабсагIат цIалул тIахьазул рахъалъ хIадур гьабураб федералияб сияхIалде данде кколеб гьечIо. ХутIараб 88 процент тIахьазул рахъалъ гIунгутIи буго. Щибаб соналъ гIадин хисулел руго федералияб сияхIалъул документал. Гьеб сабаблъун тIахьазул рахъалъ ругел гIунгутIабиги цIикIкIунел руго. Исана школал цIалуе хIажатал тIахьаздалъун хьезаризе къваригIунеб буго анкьго миллиард гъурущ, - ян абуна Я. Бучаевас.

Къокъго абуни, лъай кьеялъул министрас бицухъе, санайил хисулел федералиял сияхIалги, стандарталги, цIалул программабиги сабаблъун тIахьал гIунгутIиялъул къадар цIикIкIунеб буго соналдаса соналде. Гьелъие федералияб дотациялдаса батаниги, республикаялъул бюджеталдаса биччараб бугониги гIарацги гIоларого тIахьал росизе кколел руго эбел-инсуца. Гьир гIечIелъубе къвачIа кинигин, цо лъимер школалде къачIалаго унеб 20-25 азарго гъурщида тIаде эбел-инсуца харж гьабизе кколеб буго жеги саламатаб къадаралда гIарац, гьеб киналъго чвантидаги кIутIулеб буго.

### МЭШ, МЭШ, мун кибе?

Пресс-конференциялда борхана МЭШалъул (Москваялъул электронияб школа) суалги. Исана республикаялъул киналгоязде гIунтIун школазда баккун буго гьеб цIияб къагIида. Гьелда рекъон цере рукIарал классазул журналалги дневникалги, цогидабги, ай ручка-къаламалъ гьабулеб букIараб хIалтIи гьанже тIубазе буго электро-цифровиял алатаз, къокъго абуни, компьютеразгун ноутбуказ.

ГьединлъидалгIаги батила, лъай кьеялъул министрас гьеб цIияб къагIида хIатталдаса ун беццана. Бицана гьелъул бугеб квегIенлъиялъул, нусго батIиял тIанчал цIезарун гьаризе кколел рукIарал хъвай-хъвагIаял киналго цо бакIалде руссинаризе бугеб санагIалъиялъул.

Амма кигIан гьес беццаниги щиб, гIемерисел учительзабазе рекIее гIун гьечIелъул гьеб къагIида. ЦIияб къагIидаялда рекъон хIалтIизе ккани, росизе ккола жидеего ноутбукал. 30-40 соналъ ругьунаб къагIидаялда хIалтIарал цIикIкIараб ригьалъул мугIалимзабазе захIмалъизехъин буго МЭШалде ругьунлъизе.

Гьел киналго гIунгутIабазулги бицун суал кьуна ЯхIя Бучаевасе. ХIадур букIанищ Дагъистан гьел цIирагьиязе? Щай нилъее МЭШ, церего рукIараб ругьунабго къагIидаялъ хIалтIизе щай мугIалимзаби толарел абун. Гьеб гуребги, республикаялъул киналго росабалъ бугищ гьелъие интернетги цогидабги. Гьел киналго сурсатал, шартIал хIажалъулелъул МЭШалъе абун. Гьале гьес кьураб жаваб.

*- Республикаялъул росабалъ интернет гьечIин абураб жо буго ургъун бахъараб гьереси (миф). Дун божуларо гьелда. Интернет камураб цониги росу гьечIо жакъа. Гьеб цо. КIиабизе, киналгоязде гIагарун школазе росун руго ноутбукалги. Гьеб гуребги, цогидаб хIажатаб къайи-цIа чIезабулеб буго нижеца школазе.*

*Гьединго МЭШ тIубанго, думалъго билълъанхъизабизе букIине нияталда бугеб жо гуро. Гьеб нижеца хIалбихьиялъе биччалеб буго хIалтIизе. Гьелъ лъикIаб хIасилги кьуни, пайдаги бугони, тезе буго школазда. Амма дида гьелъул лъикIал рахъал цIикIкIун рихьулел руго.*

Жидер гьанибги биччанин гьеб хIалтIизе, гьелдаса разиго хутIанин жалин абуна Каспийскиялъул лъай кьеялъул нухмалъулей Елена Абрамовалъги.

Пресс-конференциялда борхана учительзабазул харжал цIикIкIинариялъул суалги. Кида гьезие, гьел разияб хIалтIухъ мухь кьезе бугебин абун гьикъана. Амма гьес кьураб жавабалъ дагьалъ гIажаиблъизеги гьаруна.

- Учительзабазе харжал цIикIкIинаризе бокьун, гьелъие тадбир гьабизе лъугьун вукIана республикаялъул нухмалъулев Сергей Меликов. Амма гьесухъе РФялъул Финансазул министерствоялдаса кагътал рачIине байбихьана. Дуца, букIине кколеб нормаялдаса цIикIкIинабизехъин бугин учительзабазул харжалинги абун. Щиб норма гьебали бичIчIизеги кIвечIо.

Пресс-конференциялдаса хадуб, гьеб баян телеграммалъул каналазда тIибитIизабидал, Авар театралъул директор БисавгIалиев МухIамадица хъвалеб буго, Аллагьасе рецц гьабизе ккелин гьаваялдаса пайда босизе таралъухъин абун.

Министрасе суал кьуна шагьаразул школазда рахьдал мацIазул сагIтал дагьлъизариялда хурхунги.

- ГьабсагIат шагьаразул школазда рахьдал мацIазе бихьизабун буго анкьие лъабго сагIат. ГьедигIанго сагIтал кьолел руго дарсаздаса хадуб гьеб малъизеги. ГьедигIанго сагIтал рихьизарун руго къватIисел пачалихъазул мацIазеги. Амма халгьабураб мехалда къватIисел пачалихъазул мацIал малъулев мугIалимасул хIалтIулъ бергьенлъаби цIикIкIун ратулел руго, рахьдал мацIазул мугIалимасулин абуни хIалтIул хIасилго кколеб гьечIо. Гьес дарсал кьурал лъималазда жидерго миллияб мацI лъалеб батичIо. Гьеб мехалъ щиб гьезул кколеб бугеб. Гьединаб гурони хIасил кколареб мехалъ школалъул директорас цIикIкIун сагIтал цогидал предметазе кьеларищ, - ян бицана министрас.

Гьениб яхI гьабизе кIвечIого дица абуна министрасда, рокъосанго камилго гIурус мацIги лъазабун, рокъоб рахьдал мацI бициналде эбел-инсуца кIварги кьечIого тараб мехалъ, мугIалимзабазе захIмалъулеб бугин гьезда жидерго умумузул мацI малъизеян. ГьабсагIат залалда цониги рахьдал мацIазул мугIалим вукIаравани, гьезги тасдикъ гьабизе букIанин гьеб хIужа.

***Ашахан ЮСУПОВ***

### «Гулбузул цIадакь...»

**Хъвадаризе бокьулеб ва гьелъие Аллагьас гьунар кьурав чи вуго ГIахьвахъ районалъул ТIадмагъилъ росулъа Шарапудин Сайпудинов. Казияталда рахъизе макъалабигун очеркал хъваялдаго цадахъ, цо-цо мехалда хIалбихьулаан кучIдул хъвазеги. ГIемерисел кучIдул гьес, ракI рекъолеб гьечIиланги абун, рихърихъун ралаан. Жинцаго хъвараралда жиндирго ракI рекъечIеб мехалда цIалдолезги гьеб къабул гьабизе гьечIин абула Шарапудиница.**




ТIадмагъилъ росдал школа лъугIун хадуб, хъулухъ гьабуна армиялда. 1985 соналда лъугIизабуна МахIачхъалаялъул культураялъул училище. Гьелдаса нахъе хIалтIана районалъул культураялъул батIи-батIиял идарабазда. КучIдул хъвазе байбихьана школалда цIалулеб заманалдаго ва гьел рахьана районалъул «Заман», «ХIакъикъат» ва гьединго «Ахвахцы-Ашвадо» газетазда.

Шарапудиница хъвала макъалабиги. Районалъул «Заман» газеталъул мухбир хIисабалда мустахIикълъана журналист-фронтовик А. ТIагьировасул цIаралда бугеб премиялъе. КъватIире риччана «РекIел ахIи ва бухIи», «ГIумрудул лахIзатал», «ТIадмагъилъ школа» абурал тIахьал.

ШагIирасул иргадулаб «Гулбузул цIадакь…» абураб тIехьалда загьирлъулеб буго ВатIаналде рокьи.

Украинаялда тIобитIулеб СВОялда гIахьаллъулел гIолохъабаз кIудияб бутIа лъолеб буго районалъул гIун бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъулаб тарбия кьеялъе, рагъулаб хъулухъалъул къимат борхизабиялъе. Гьеле гьенир гIахьаллъулел ругел росуцоязул хIакъалъулъ хъвалеб буго Шарапудиница гьаб тIехьалда.

Адабияталде гьетIи бугев чиясул, хасго бихьинчиясул рокъоб букIине цIакъ мустахIикъаб тIехь буго гьеб. Амма квеш ккараб жо буго тираж дагьаб букIин. Кин батаниги, гьарула Шарапудиние жеги гIемерал кучIдул хъвазе сахлъиги хIалтIулъ тавпикъги.

***Б. СУЛТIАНОВ***

### Тарих

**«Комсомольская правда» газеталъ гьабураб цIех-рехалда гIахьаллъана улкаялъул батIи-батIиял регионаздаса щуазарагогIанасев цIалдохъанасул эбел-эмен. Гьезул 95 проценталъул пикруялда рекъон, школалъул цIалул тIахьал руго «ричIчIуларел ва санагIат гьечIел».**

# ЦIияб школа бараб гIолебдай?

**Дагъистаналда гIемер ралел руго лъай кьеялъул идарабазе цIиял минаби. Гьелдаса рохизе ккелаан нилъ. Амма цо-цо цIиял школаздагун лъималазул ахазде щведал, рохиялдаса пашманлъи цIикIкIунеб буго. Масала, ЛъаратIа районалъул СикIар росдал школалъул минаялъул бугеб ахIвал-хIалалъул бицунеб раг1идал. Гьелъул хIакъалъулъин абуни нижее бицана 1992 соналдаса нахъе рехсараб школалъул директорлъун хIалтIулев вугев АхIмад МухIамадгIалиевас.**



**- АхIмад, СикIар росулъ школалъе цIияб мина баялъе щиб гIилла ккараб?**

- Гьениб букIана байбихьул школа. Хъалиш, НикIар ва СикIар росабазул лъимал цIалулаан. Щуабилеб классалде цIализе хьвадизе кколаан Хадиял росулъе. Хасало - гIазу-цIер, гIанси, ихдал - иххалгун лъарал. Анлъго километралъул нух щибаб къойил бахине кколаан лъималаз. 1977-1978 соналда дир кIудияв вац Насрулагьица цIалдохъабазул рахъалдаса кагъат хъван букIана «Пионерская правда» газеталде, бугеб хIакъикъатги рагьун ва школа рагьиялъул суалги борхун. Хадуб дицаги байбихьана батIи-батIиял бакIазде кагътал хъвазе, росулъго гьоркьохъеб школа рагьиялъул масъалаги цебелъун.

Гьел кагътазулги дир сапаразулги хIасилалда рагьана НикIар росулъ - байбихьул ва СикIар росулъ - микьгосонилаб школал. Гьеб букIана 1979 сон. Гьеб заманалда дун хIалтIулев вукIана ЦIумилухъ росдал школалда немец мацIалъул учительлъун. 1984 соналда щвана дие гIагараб росулъ хIалтIизе ихтияр.

Нижер школалда гьабсагIат вуго 54 цIалдохъан. 2016 соналъул 16 февралалда бухIана школалъул мина. Гьеб букIана, сверухъ ругел риххун арал кулабазул минабаздаса цIулги хIалтIизабун, цебего бараб бугониги, цIалдохъабазе гIезегIан шартIал гIуцIараб бакI. Печалъуб цIаги бакун, хинлъизабулаан гьеб. ЦIадул къинтIуриялдасайищ, токалдасайищ цIа рекIарабали лъаларо. МахIачхъалаялда вугев дихъе учительзабаз ахIун бачIана, школа бухIулеб бугин абун. Къад заманалъ цIа рекIаниги, талихIалъ, гIадамазе зарал ккечIо - цIалдохъаби рокъоре араб мех букIана.

**- 2016 соналда бухIараб школалъе цIияб мина базе гIемер заман бан бугоха.**

- Гьеб базего бокьун букIун батиларо. Нахъисеб къоялъ росулъе вачIана районалъул бетIерлъун вукIарав Ражаб Ражабов. «Байбихьул классал гьанирги тун, чIахIиял классазул лъимал ЛъаратIа интернаталдеги рачун, школа къазе буго», - ян абуна гьес. 19 февралалда вачIана ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьов. Гьес ихтияр кьуна, СикIар ва НикIар росабалъ гIадамазул рукъзабахъ классалги гIуцIун, школа цIунизе.

Доб заманалда бана Хидиб росулъ цIияб школа. Гьединаб школа шагьаралдацин батиларо. Гьенив вуго 30 цIалдохъан. 50-ялдаса цIикIкIун цIалдохъан вугеб нижер росдае школа базе бокьуларого букIана. ГIемер хъвадаризе ккана дун. Ахирги 2017 соналъул ахиралда, авалиял хIалтIаби гьаризеян абун, биччана школа баялъе кьолеб гIарцул тIоцебесеб бутIа - 25 миллион гъурущ. Гьелде тIаде жубазе кколаан районалъул бюджеталдасаги гIарац. Амма жеги кIиго сон бана кинабгIаги хIалтIи байбихьичIого.

2019 соналъул 19 июналда дун щвана республикаялъул министерствабазде. Дида гьез абулеб буго, мун гьоркьове лъугьине кколарин, районалъул бетIерас бан бахъараб школа кьезе кколин духъе ва исана гьеб бан бахъинабизе бугилан. Кин гьеб бан бахъинабулеб, жеги къучIцин лъечIеб мехалдаян гьикъана лъай кьеялъул министрасул заместитель КIудаевасда. Ахирги тендерги бергьун, 2020 соналда школа базе бачIана Шамил районалдаса ГIали абулев чиясул бригада. Гьеб бан бахъинабуна 2021 соналда. 16 августалда дихъе кIалъан вачIана подрядчик МухIамад, школалъул кIулал росизе вачIинарищин абун. Гьеб кин букIунеб жо? КIулал кьезе ккани, цин школа къабул гьабиялъул акт букIине ккеларищ?

**- Россиялъул телевидениялдасанги бицана дуца школалъул масъалабазул хIакъалъулъ. ХIасил кканищ?**

- 2019 соналда дихъе кIалъана Россиялъул телевидениялъул «Мужское и женское» абураб программаялъул журналист Александр Гордон. «Нужее кумек гьабизе бокьун буго. Бажарулищ, 10 чиги вачун, Москваялде вачIун? РекIадухъги Москваялда рарал къоязухъги - киналго харжал нижеца тIаде росула», - ян абуна гьес. Анаха ниж, цадахъ цIалдохъабицин рачана. Гьеб передача бихьизабуна 2019 соналъул ункъабилеб октябралда.

Телепередачаялда бахъилалде, гьел рачIана росулъе, балагьана цIалдохъаби цIалулел рукъзабахъ, бихьана гьел хьвадулеб нух, кIалъана учительзабигун, росдал жамагIатчагIигун. Передачаялда йикIарай жамгIияй хIаракатчIужу, полковник Тамара Пуховалъ ахIана дихъе, жий кIалъанила Артем Здуновасухъе, В. Васильевас мун къабул гьавизе вугин абун. Дица гьесухъе витIана дир кIудияв вац. 17 октябралда къабулги гьавуна гьев Здуновас. Гьениб хIукму гьабун буго, НикIар ва СикIар росабазул жамагIаталда дандги бан, гьез бихьизабураб бакIалда цIияб школа базе. Гьений йикIана лъай кьеялъул министр У. ГIумароваги. Гьелъ абун буго, спортзалги базе бугин абун. Хадуб дица Васильевасухъеги Здуновасухъе кагътал ритIана: кьураб рагIи щай кколареб, лъабго соналъищ ниж балагьун чIезе кколелин абун.

**- ЖамагIаталъул пикру цIеханищха, школа балаго?**

- Гьеб бана кIиябго росдада гьоркьосеб бакIалда. Школа бан бахъиндалги Москваялдаса кIалъана долго журналистал, жидее бокьун бугила школа рагьиялъул тадбиралде рачIине. «Гьеб тадбир гIуцIизехъинго гьечIо. Нижеего бокьун, цIияб школалде рахъинехъинги руго», - ян абизе ккана гьезда.

2021 соналъул 21 ноябралда журналистал кIиабизеги рачIана нижехъе. Гьезда школаги бихьизабуна, линейкаги гьабуна. Гьез дун ахIана 24 ноябралда бахъараб телепередачаялда гIахьаллъизе - жидеца гьабураб квербакъиялъухъ баркала кьезе.

Школа къабул гьабиялъул документ берда бихьичIо - гьеб рагьизе чиги вачIинчIо. РахъинчIого рес букIинчIо. Пачалихъалъ гIарацги кьун, мухьдахъ ккурал чидар рукъзабахъ (лъабго класс - НикIар, лъабго - СикIар), киналгIаги шартIалги гьечIого, щуго соналъ цIализаруна нижеца лъимал. Рес букIинчIо хIалтIухъабазулги цIалдохъабазулги гIадлу-низамалда хадуб халкквеялъеги.

**- Районалъул яги республикаялъул нухмалъиялъул вакил вачIанищ школалде, гьенир ругел гIунгутIаби рихьизе?**

- ХIакимзабазул заман букIунаро гьединал бакIазде хьвадизе. ТIаде балагьун ясикIо гIадин къачIараб школалда ратана гIемерал гIунгутIаби. Гьезул хIакъалъулъ дица хъвана республикаялъулги федералиялги идарабазде. Амма школалъухъ балагьизе цониги чи вачIинчIо. 27 июналда дихъе кIалъан вачIана районоялъул нухмалъулев ва абуна, нилъ ахIулел ругила ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министрасул заместитель Аида ТIалхIатовалъ. Долъ ахIун ватана «Дирекция единого госзаказчика-застройщика» абураб ГКУялъул директор МухIамадтIагьир ТIагьировги. А. ТIалхIатовалъ абуна, школалъул гIунгутIабазул суал Москваялъул берзукь бугилан. «Батани, рачIаха росулъе, халгьабе школалъухъ ва ритIизаре гIунгутIаби», - ян жаваб кьуна дицаги. Гьелъ М. ТIагьировасда гьикъана: «Чан къо хIажалъулеб гIунгутIаби тIагIинаризе?» - ян. Щуго къоян жаваб кьуна гьес. «Щуго къо гIеларо. 15 июлалде тIагIинаре», - ян абуна гьелъ.



ВачIана гьезул идараялъул кIиго хIалтIухъан - жалгоги Хадиял росулъа. Школалда цебе бан букIана спорталъул майдан. Гьениб гвендал лъугьун рукIана. Гьел гIолохъабаз баччана ракь, лъикI къвакIизегIан мерхьана ва тIасан ккуна къанал. Гьединго жанибе тIун ун букIана богорукъалъул, жанахIазул чIабарги ва кьватI-кьватIун рукIана хъаравуласе гьабураб рукъалъул къадалги. Гьелги къачIана.

Ран руго школалда жанирго хIа-









жатханаби, амма гьездаса пайда босизе рес гьечIо ва лъимал хьвадизе кколел руго азбаралда ругел басриял хIажатханабазде. Щайгурелъул чороклъи къватIибе чвахизе кколеб мухъ рекъезабун гьечIо, лъим гьечIо, хIалтIулеб гьечIо вентиляция. ЦIа ккани, пожарникал ахIизе рес гьечIо: сигнализация рекъезабун гьечIо. ГьечIо видеокамера.

**- Щайха къабул гьабулареб школа?**

- Дица гурелъул къабул гьабизе кколеб. Гьеб буго райадминистрациялда тIадаб иш. Администрациялъ кьезе ккола школа нижехъе. Гьанже вугев районалъул бетIерас застройщикасда абулеб буго риччарал гIунгутIаби ритIизаре, гьеб мехалда школаги къабул гьабилаян абун.

Щибаб школалъухъ букIине ккола лъай кьеялъе ихтияр кьолеб лицензия. Гьеб гьабизе ккани, санэпидстанциялъул хIукму хIажалъула. ГьечIо школалъул ва гьеб тIад бараб ракьул «зеленка»: гьеб гьечIого кинабгIаги документ-хIукму тасдикъ гьабуларо.

**- ЦIияб школа баялъул проект-смета хIадурулеб мехалда, директор хIисабалда, дур гIахьаллъи букIаниц гьелда?**

- БукIинчIо. Проект-смета тасдикъ гьабула ОКСалъул инженерас. ГIарац биччала подрядчикасе. Щиб балеб бугеб, кин хIалтIулел ругел - кинабгIаги халкквеялъе ресги букIунаро. ГIицIго бан бахъараб объект, райадминистрациялъ кьолеб мехалда, къабул гьабула директорас. Гьаб-доб щай гьечIебан гьикъидалги школа балел чагIаз абулаан, проекталда гьечIилан. Спортзал гьечIо - гIицIго спортивияб майдан буго. Хасало, магIарухъ, азбаралда лъималазе физкультураялъул дарс кин кьелебалицин ургъун гьечIо проекталъул авторал.

**- ГьабсагIаталда кинал гIунгутIаби ругел школалда?**

- Богорукъ бахъ-бахъизе ккана, чIабар тIун иналъул хIасилалда. ЦIулгун тIурччи балеб бакI бан буго, амма гьенибе нух тун гьечIо. Кинабго гьакаца баччизе кколеб буго 40-50 метралъул манзилалда. Ракъдалаб бакI буго нижер мухъ. Школалда аскIосан буго НикIар росулъе лъим бачараб рогIоро. Гьенибги букIунаро гIураб лъим. Школа лъедалъун хьезабиялъул мурадалда азбаралда (гьелги - кIкIалал рагIалда) лъун руго чIахIиял къалал, бачун буго гьенибе рогIороги. Амма хасало къалазда жаниб лъим цIорола. Гьел лъун руго гIицIаб ракьалда тIад, цIер гъорлъе жубараб квасквасги сверун ккун. Гьелда лъун букIараб насос, гъоркьиса букIараб цIорой хIехьезе кIвечIого, кьватIана. Гьеб босизе гIарацги кьоларо. ЦIияб школалъидал бараб, щуго соналъ кинабгIаги жоялъе гIарац биччаларо.

Школа сверун къан буго маххул чалиялъ. Гьелъул къотIелал рукIине кколаан 10 сантиметралъул гIеблъи бугел. Гьарун руго 15 сантиметр бугел. ГIисинлъимал гьоркьосан лъугьине рес тун буго. Нагагь гьел кIкIалахъе рортани, 3-4 метралъул борхалъи бугелъул, гIайиб директорасда бук1инаха.

Спортивияб майданалда сверун бараб къед буго кьватI-кьватIун. Гьеб биххиялъулги хIинкъи буго. БукIине кколедухъ бетонги арматураги хIалтIизабурабани, кьватIилароан гьеб. Сундулъго сурсат тIокIлъизабун, хадуб ккезесеб жоялъул пикру гьабичIого, бан буго школа. Умумуз абухъе: гьоболасул хIама хIортIе бачанищ - бачана. Гьекъанищ - гьеб дир иш гуро…

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Цолъиялъулъ батана къуват

**Намус-яхI долларазухъ бичарал такъсирчагIазде бугеб рокьукълъи нилъер республикаялъул халкъалъ бихьизабуна 1999 соналъул августалдаги. Дол къояз ГIахьвахъ районалда букIараб ахIвал-хIал ракIалде щвезабуна райцентралъул ополчениялъулазе нухмалъи гьабулев вукIарав Денга Махиевас.**




**- Денга, дур хIисабалда, рагъул гъугъай къотIаралдаса бащдаб гIасруялдасаги цIикIкIун заман индал, магIарухъ гьеб цIидасанги рагIизе лъугьин кин къабул гьабураб халкъалъ?**

- 7 август. ГIодоб къо. РакIалда букIана Совет Союзалъул БахIарчи М-З. ГIабдулманапов ракIалде щвезавиялъул хIурматалда спортивияб турнир тIобитIизе. Бахъана телефоналъул гьаракь: райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралев Х. Муслимовас дун РОВДялде ахIулев вугоан. Дир суалазе гьес гIедегIалихъего жаваб кьуна хъачагъал Болъихъ районалде кIанцIун ругин абун. Дида божизе кIолеб букIинчIо: дагьаб цебегIан гурищ Болъихъ тIобитIараб «Гьудуллъи» фестивалалда Ведено районалъул делегациягун дандчIван рукIарал! Нилъеца гурищ чачаназулгун рагъул заманалда гьезие сахаватлъиялъулаб кумек гьабиялъул хIаракатчилъигун цере рахъарал ва гьеб гьабураб! Балъхъадерица гурищ лъутун рачIарал чачаназул анцI-анцI хъизан къабул гьабураб! ГIумруялъго гьудуллъиялда ва вацлъиялда букIараб кIиго халкъ цо параялъ тушбабилъун лъугьин захIмалъулеб букIана.

Август моцI отпускабазул заман бугелъул, гIемерисел чиновникал дора-гьанир хIухьбахъиялда рукIана. КьогIаб хабар рагIарал гьел цоцоккун районалде тIадруссана. Райадминистрациялъул тIоцебесеб амруялдалъун гIуцIана ополчениялъул къокъа ва райцентралда гьелъул нухмалъи тIадкъана дида.

Стадионалда тIобитIана жамагIаталъулгун данделъи ва хIукму ккана мадугьалихъ ругел балъхъадериегун цIумадисезе кумек гьабизе, республикаялъул цолъи цIунизе къватIире рахъине. Гьенибго хIукму ккана кIиябго районалъул халкъалъе кванил нигIматаздалъун кумек гьабизеги. Гьеб мурадалда автоклубалдаса лъазабиялгун дица росулъ чанго свери бахъана ва хадусеб къоялъул бакъаниде кIаралаз бачIараб картошкадул КамАЗ машина цIуна, гьеб Болъихъ росдал ясли-ахалъубе чIехьана. Хадуб кумек щвана районалъул гIаммал магIишатазул рахъалдасанги.

Полковник А. Асильдаровасул бетIерлъиялда, хадусеб къоялъ районалде бачIараб ОМОНалъулазул кIудияб кумек щвана, хъачагъал ГIахьвахъе кIанцIани гьаризесел тадбиразул рахъалъ малъа-хъваязе ва аслияб куцалда гьес тIоритIулел инструктажал самообороналъул отрядазул нухмалъулелгун рукIана. Гьезие къайимлъи гьабулеб букIана отпускалъ росулъе вачIарав ва хадув хъачагъазул гуллидаса Къадаралъул кIкIалахъ хварав, Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав ХIажи МухIамадрасуловас. Бихьизабизе ккола, отрядалъул командир, рагъулав офицер Анварбек Чупановичасулъ иш лъай, махщелчилъи ва магIарул намус-яхI загьирлъараблъиги. ГIахьвахъ районалъул хIурматиял гражданазул цIараздалъун кIодо гьаруразул сияхIалда гьес мустахIикъаб бакI ккола. Рагъул байбихьудаго ниж пашман гьаруна хъулухъалъул ишал тIуралаго Болъихъ РОВДялда хIалтIулев КIудиябросулъа Арсен МахIмудов чIваялъул хабаралъги.

Ярагъгунги гьеб гьечIогоги районалде рачIине лъугьана къватIиб гIумру гьабулел гIадамал ва гьез рагIудалъунги ишалдалъунги кумек гьабуна. ЦIарал рехселаро, амма Олимпиялъул чемпион З. ГIабдулбековасдаса, «КIаратIа» ДРООялъул председатель, академик ГI. ХIайбулаевасдаса, гIолилазул цевехъан М. Аминовасдаса байбихьун, гьел мустахIикъал гIадамал руго. Гьебго заманалда рукIана кьвагьа-гIанхъиялдаса рикIкIаде жидерго хъизамал рачун аралги, гьездаго гьоркьор хIакъикъаталдаги район цIунизе ва гьениб цебесеб кьерда рукIине тIадалги. Радалги бакъанидаги тIобитIулеб оперативияб штабалъул данделъиялда мухIкан гьарулаан церечIарал масъалаби ва гьениб батIияб чIаголъи бачIана ДРялъул Пачалихъияб Советалъул ва хIукуматалъул вакил хIисабалда республикаялъул гIелмуялъул ва лъай кьеялъул министрасул заместитель ГIабдулатIипхIажи ГIусманов щвараб мехалда. ГIахьвалазулъ Дагъистаналъул цолъи цIунизе кIудияб гьира-шавкъ бижизабуна халкъияб информациялъул алатал гьоркьор ккун гьарурал шайих Тажудин-афандил, Пачалихъияб Советалъул председатель М.-ГI. МухIамадовасул, МахIачхъалаялъул мэр С. Амировасул, политикал – Р. ГIабдулатIиповасул, М. ТIолбоевасул, С-П. ГIумахановасул хитIабаз, Н. Хачилаевасул интервьюялъ. Гьел хIадур рукIана ВатIаналъе гIоло къурбанлъизеги.

**- ОМОН бачIин гурони, тIокIаб кумек букIинчIищ республикаялъул рахъалдаса?**

- Районалда лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъул баян кьезе ГI.-ХI. ГIусмановгун цадахъ дунги витIана МахIачхъалаялде. Ниж къабул гьаруна ДРялъул Пачалихъияб Советалъул председатель М.-ГI. МухIамадовас. Дица бугеб хIал бицана,




кумек гьарана ополчениялъулазе яргъил, цIатариялъул, ханждал, эвакогоспиталалде хIажалъи ккани райбольницаялъе тIадеги инвентаралъул ва дарабазул рахъалъ. «КIудада» дихъ кIвар кьун гIенеккана, кумек гьабизе ragIи кьуна, бицана ярагъ ракьцоял АхIияд Идрисовасул ва МухIамадхан ХIамзатхановасул (БацIхан) квербакъиялдалъун Тулаялдаса бачIине бугеблъиялъул. Дун хIикмалъана гьесул жигаралда ва ахIвал-хIал лъалеб букIиналда. Нижер тIалабал тIураялъул суал гьес хIукуматалъул председателасул заместитель Набиюла МухIамадовасда тIадкъана. Гьесухъе унелъул суалал хехаб куцалда тIураялъул мурадалда, нижер делегация «кIодолъана» Пачалихъияб Советалъул правовияб управлениялъул начальник М. Халитовасдалъун, Халкъияб Собраниялъул депутат ГI. ХIажиевасдалъун, Пачалихъияб Советалъул гIакълучагIазул нухмалъулев Х. Халидовасдалъун.

Районалда бугеб ахIвал-хIалалъул баян кьун хадуб ГI.-ХI. ГIусмановас Пачалихъияб Советалъул председателасулгун ккараб хабаралъул бицана ва нижеца церелъурал суалал рагIа-ракьанде щун тIуразариялъе ругел ресал рехсана.

Лъугьун бугеб ахIвал-хIалалдаса пайдаги босун, гьелде кинабгIаги хIажалъи гьечIониги, районалъе щиб бугониги «тIезабизе» бокьун бугоха нужееян кIалъана Набиюла МухIамадович.

Кабинеталъув гIодов чIун вукIинчIого, хIажат бугелъухъги гьечIелъухъги валагьизе лъове вачIаян гьесдаги абун, дун къватIиве вахъана. Къого минутгIанасеб заманалдасан нижер делегациялъул вакилзаби къватIире рачIана, дида гIайибчIвана хехдариялъе гIоло ва эвакогоспиталалъе инвентарь хутIизегIан хутIарал суалал тIуразе рукIиналда ракIчIезабуна. Гьедин ккезеги ккана.

**- Дол къояз кинал пикрабаз мунго кодове восун вукIарав?**

- МагIарухъе тIадруссунаго, Сагъри кьодаса байбихьун дандчIвазе лъугьана юк баччулел машинабазда рекIарал гIадамалгун машинаби. Гьел хасго гIемер рукIана Кьохъе унелъур. ГIагараб минарукъги магIишатги рехун тун, кида тIадруссинелали лъаларого гочунел гIадамазул гьурмазда букIараб пашманлъи жакъаги цебечIолеб буго.

Преображенскиясул кьодухъ лъураб стационарияб посталде рагIулеб букIана рагъул гъугъай, гьениб бицана Гъоркьияб Гьодобери росдада гIагарлъухъ цIа боркьараб рагъ унеб бугилан. Гьанирги рукIана Аллагьасде гьардолел руччабиги, лъималги, сордо бихьун гIагараб росу тезе ккарал харабиги. Аслияб къагIидаялда гьел рукIана АнсалтIаса, Шодродаса, РахатIаса.

Районалда абуни, РОВДялъул хIалтIухъабигун цадахъ, ополчениялъулаз жидедаго тIадаб хIалтIи гьабулеб букIана. Халкъ дагь-дагькkун кьвагьа-гIанхъиялде, рагъулал вертолетазде ругьунлъизе лъугьана. Гьелъ дие квешаб асар гьабуна - дир хIисабалда, инсан кьвагьа-гIанхъиялде ругьунлъи лъикI гьечIо.

Кавказалда къуваталдаса рохула ва гьелъул адаб-хIурмат гьабула, хасго гьеб гIолилазулъ загьирлъулеб бугони. Нилъеца, гьанжесел гIолилал гьадинал-додинал ругин абуниги, гьез хIажалъи ккараб мехалда жал кинал ругелали бихьизабуна. (Гьеб нилъеда бихьулеб буго жакъа СВОялдаги). Гьезул гIемерисел кIодо гьаруна орденал-медалаздалъун, Баркалаялъул кагътаздалъун. Дица шапакъаталдаса инкар гьабуна ва гьелдаса жакъаги рекIекълъун гьечIо.

Гьудул лъалин къварилъиялде ккедалин абула ва гьел рагIабазул кIудияб магIна буго. Нилъеда лъана гьудулзабиги тушбабиги щалали, рихьана провокаторазул, рихха-хочи ккезабулезул гьурмал, гIолилазул ва ригь аразул бахIарчилъигун кьвари. Нилъее гьавагIанги къваригIун буго рекъел. Хасго гьанже дунялалда бугеб багъа-бачариялъухъ балагьидал. Аллагьас цIунаги кьвагьулел бомбабазулги пештIолел гулбузулги гьаркьидаса!

*Гара-чIвари гьабуна*
***ХIажимухIамад КУЧУЕВАС.***

# «Тохтурасул пикру носодаса цебе ккезе ккола»

**Гъедин абулаан Гъизилюрт районалъул Гъоркьияб Чирюрталда гьавурав нилъер ракьцояв, Сталинил премиялъул лауреат, медицинаялъул гІелмабазул академиялъул хІакъикъияв член Александр Вишневскияс. Исана 150 сон тІубала советияв хирург, ругънал сахгьарулеб машгьураб мазь ургъарав, медицинаялъул гІелмабазул академиялъул хІакъикъияв член Александр Васильевич Вишневский гьавуралдаса.**




Дагъистаналъул халкъазул тарихалъул халгьабулаго, якъинго бихьулеб буго гІурус халкъалъулгун рукІарал ва ругел лъикІал гьоркьорлъабаз кинаб асар гьабураб гьел церетІеялъеяли. Нилъер жакъасеб культурияб ва экономикияб гІумру, гьеб хІужаги хІисабалде босичІого, цебечІезабизе захІмат буго. Дагъистаналъул халкъазда кІочон толаро XX гІасруялъул байбихьуда Советияб республика гІуцІулаго, Уллубий Буйнакскиясда, МахІач Дахадаевасда, ГъазимухІамад Агъасиевасда, Солтан-Саид Казбековасда, ЗайналгІабид Батирмурзаевасда, ГІалибег Багъатировасда цадахъ гІумру кьурал Иван Котров, Николай Ермошкин, Оскар Лещинский, Иван Малыгин, Арон Эрлих, Борис Шеболдаев, Сафар Дударов ва цогидалги.

«Дагъистаналъ нилъер улкаялъе гІемер кьуна лъикІабщинаб – маданияталъул рахъалъги, пачалихъалъул жибго жинцаго цІуниялъул рахъалъ ресал гІатІид гьариялъульги. Нилъеда лъала оборонаялъул ишазда жанибгицин Дагъистаналъул идарабазул къуват. Цого-цо Дербент Россиялъул бищунго некІсияб, цебесеб шагьар букІин гьечІищ кІвар цІикІкІараб хІужа. РакІалде щвезаве Расул ХІамзатов – тІолабго улкаялъулги Дагъистаналъулги кІудияв патриот!» - ан абуна Россиялъул президент В. Путиница.

Дагъистаниязда кІочонаро гІурусазул интеллигенциялъул вакилзаби, нилъер мацІал церетІеялъе кьучІ лъурал Л. Жирков, П. Услар, сахлъи цІуниялъул рахъалъ гвангъарал цІвабилъун рахъарал Н. Пироговгун А. Вишневский.

Гьев дунялалде вачІун вуго 1874 соналъул 4 сентябралда Дагъистаналъул Новоалександровка росулъ (гьанжесеб Гъизилюрт районалъул Гъоркьияб Чирюрт). Гьениве Александрил эмен Василий витІун вукІана Саратовалдаса гимназистазул дандечІеялъулъ гІахьаллъиялъе гІоло тамихІ гьабун хІисабалда. Штаб-с капитан Василий, гьанив хІалтІулаго офицерасул чинги щун, гІумру гьабизе Дагъистаналдаго чІана.

Цо нухалда Сулахъ гІурулъ чвердолев гьитІинав Александр лъеца восун ун, гьанкъизехъин вукІун вуго. Гьев хвасар гьавизе гІурулъе кІанцІун кумек гьабун буго гьесул гьудул - дагъистанияв СалихІов Жамалдииница. Гьеб мехалда эмен Василийица гьев васасул хъизамалъе бечІчІулеб гІака сайгъат гьабун буго.

А. Вишневский Астраханалда гимназияги лъугІизабун, цІализе ана Казаналъул университеталъул медицинаялъул факультеталде. Лъабабилеб курсалде вахарав, лъикІал къиматазда цІалулев ва мисалияб гІадлу-низамалда вукІунев студент университеталъул ректорас тархъан гьавуна цІалухъ мухь кьеялдаса. ЦІали Александрица лъугІизабуна тІокІлъиялда ва хІалтІизе байбихьана мухъилав тохтурлъун. Операциял гьарулаго, гьес хІаракат бахъулаан инсанасул гьабулеб пикру носодаса цебе ккезабизе. Гьес жиндир заманалда ургъараб цІилъи ккана ругъун сахгьабиялъул лъабго бутІаялдаса гІуцІараб къагІида: новокаиналъ унтарасул операция гьабулеб ругънаде унеб нервги гъугъ гьабун, ругънаде новокаиналъул хинаб растворги барахщичІого биччан, хадуб рецІ ккеларедухъ гьелда мазьги бахун, катница къай. 1932 соналда медицинаялъул хІалбихьиялда тІоцебе къватІибе загьирлъараб гьеб къагІидаялъ сахлъи цІуниялъул ишалда жаниб бомба кьвагьараб гІадаб асар гьабуна. Гьеб букІана гІадан хехго ва унти бизарлъичІого сахгьавиялда ккураб кІудияб бергьенлъи. 1910 соналда 36 сон гІумруялъул ригьалда вугев гІолохъанав Александр вахъана медицинаялъул гІелмабазул докторлъун.

Гьес жиндир заманалда ургъараб махІ квешаб «Вишневскиясул мазь» гьанже басралъараб алатлъун рикІкІаниги, гьеб жакъаги гІадамазда гьоркьоб тІибитІараб дару буго. Гьанже гьеб дару биччалеб буго «Линимент бальзамический по-Вишневскому» абун. Амма Вишневскияс ургъараб 1927 соналда гьеб букІана жакъа рак унтиялде данде дару батараб гІадаб бергьенлъи. Тохтурзабазда гьоркьоб жиндир заманалда махсарагицин букІана «гьеб дарудал махІалъгицин хвезарулила заралиял бактериял» абун. Россиялда граждан рагъул заманалда гьединал ругъназул бигъи ккарал (гангрена) гІадамал холел рукІараб батани, гьесул мазь баккаралдаса гьел лъалаго сахлъулел рукІана.

1936 соналда А. Вишневский хІалтІизе вачана Москваялде. Хадуб цІар рагІарал тохтурзабилъун рахъана гьесул вас ва васасул васги. Александр Вишневскиясул тІубараб гІумру ана инсанасул сахлъи цІуниялде пикруги буссинабун. Ригьалде вахиндал, гьес ракІбацІцІадго бицана живдила художествиял ва жамгІиялгун политикиял тІахьал цІализего регІичІила медицинаялъул асаразда вухьун вукІиналъ.

«ЦІакъ къарумаб, гІадан цогидаб жоялде регІизе толареб жо букІун буго сахлъи цІуниялъул масъала. Дун кутакалда намуслъун хутІулаан диргун литературияб цІилъиялъул ялъуни искусствоялъул суалазда хурхараб гарачІвари гьабизе гьудулзаби лъугьиндал. Хадув дун хІалуцун гьел цІализе вортулаан, амма медицинаялъ дун хехго жиндехунго цІалаан», - ин абулаан гьес.

Гьес амру гьабулаан тІабигІаталъ гьабураб машинаялдехун кидаго адабалда рукІаян, щайгурелъул гІицІго гьелда кІолин гьеб машина къачІазе. ТІабигІат бугила маххул къебед, хирургин абуни кколила гІицІго гьесул кумекчи.

Машгьурав тохтурасул хІурматалда гьесул цІарал кьун руго Москваялъул цо майданалъе, Казань, Гъизилюрт, Хасавюрт, Новороссийск шагьаразул, Гъоркьияб Чирюрт, ЦІобокь-Миякьо, Акнада, Комсомольское росабазул къватІазе.

2021 соналда А. Вишневскиясул цІар кьуна Дагъистаналъул республикаялъулаб клиникияб больницаялъеги. Гьенибго лъун буго гьесие гьабураб мазгарул сиги. Гьес бихьулеб лъалкІ тана Дагъистаналъулги медицина цебетІезабиялъулъ.

***Зикрула ИЛЬЯСОВ***

# ЗахІматаб букІана захІматалъулаб нух



Инсанасе къимат кьола гьес гьарурал ишазухъ балагьун. Нажмудинова Хадижатилин абуни гьединал ишал гІемерал руго. Шамил районалъул Ругъелда росдал школалда 7 класс лъугІидал, гьей цІалана Хунзахъ, магІарул ясазул школа-интернаталда. Хадуб кІиго сон бана росдал колхозалда хІалтІулаго. Инсуда бихьана ясалъе цІализе бокьун букІин ва, кигІанго ракІалъе къабуллъулеб букІинчІониги, гьесул таваккал гІуна яс шагьаралде цІализе йитІизе. Доб заман букІиндалха цониги ясалъ росдал гІорхъицин бахинчІеб.

1961 соналда Хадижат цІализе лъугьана Дагъистаналъул мединституталде. Байбихьуда, гІурус мацІ лъикІ лъалеб букІинчІолъиялъ, захІматгоги букІана цІализе. Амма гьелъ хІаракат бахъана ва институт лъугІидал хІалтІизе йитІана гІагараб районалде. ЛъугІизаруна гьелъ, Бакуялдеги ун, акушер-гинекологазул махщел камил гьабиялъул курсалги. Акушер-гинекологалъул хІалтІи расги бигьаяб букІинчІо, хасго араб гІасруялъул 60-70-абилел соназда. Росабалъа руччаби къанагІат гурони больницабазде рачІунароан лъимал гьаризе. Гьединлъидал Хадижат гІемер хьвадизе ккана росабалъе, щвани - машинаялда, щвечІони – лъелго.

«ЗахІматго унтарай гІадан йигилан ахІи бачІана Дагъбашалдаса, - ян бицана гьелъ. - Щвана «Исибакьи» абулеб колохъе. Кьоги лъараца ун батана ва къаси мехги букІун тІадюссана. Нахъисеб къоялъ, чодаги рекІун, ана гьение. ЗахІматаб хІалалда ятана унтарай. Гьей ячине кколаан больницаялде. АхІана МахІачхъалаялдаса санавиация. Вертолеталдаги рекІун щвана райцентралде ва гьедин хвасар гьайизе кІвана гьей гІадан».

Росабалъе хьвади гуребги, гьелъ жаваб кьезе кколаан районалда ругелщинал руччабазул. Гьеб ишги Хадижатица ракІбацІцІадго тІубазабулаан. Гьединай йикІиналъ, 1991 соналда Дагъистаналъул Сахлъи цІуниялъул министерствоялъ тІобитІараб республикаялъул тохтурзабазул съездалдаги гІахьаллъана гьей. Дол соназда гІемер рачІунаан министерствоялдаса хІалтІул халгьабизе чагІи. Москваялдаса бачІараб гьединаб цо бригадаялъ халгьабидал, район мустахІикълъана республикаялъул Сахлъи цІуниялъул министерствоялъул ва БагІараб Хъанчил хьвадулеб БагІараб байрахъалъе. Хадижатие кьуна «ДРялъул мустахІикъай тохтур» ва «СССРалъул сахлъи цІуниялъул отличник» абураб цІаргун гІаламат.

Районалъул ветстанциялъул начальниклъун гІемерал соназ хІалтІарав рос Шагьидов АхІмадица бицана бокьараб мехалъ унаанин гьей унтаразухъе ахІун. ЗахІмат букІанин ДЦПялъ унтарав вас вукІиналъги. Амма сундухъго балагьичІого Хадижатица хІаракат бахъулаанин хІажатазе кумек гьабизе.

2000 соналда гьей йищун йикІана Москваялда тІобитІараб ТІолгороссиялъул акушер-гинекологазул съездалде делегатлъунги. 35 соналъги хІалтІун тезе ккана гьелъ хІалтІи. Унтарав васасе гІоло росгун цадахъ гочана росулъе. АхІмадгун данделъаралдаса бана 55 сон.

82 сонил ригьалде яхун йигониги, рукъалда цебе бугеб ахикь квалквадичІого гьелда чІезе кІоларо, цо батІияб асар гьабула гьезул ахикь ругел гъутІбузги, сверухълъиялда гьелъ чІарал тІугьдузги.

***Сайпула ГЬИТІИНАМУХІАМАДОВ***




# Ракьалда цIар рекъараб, цIаралда халкъ рекъараб

**7 сентябралда ЦIумада районалда кIодо гьабизе буго район гIуцIаралдаса 90 сон тIубайги гьенире кIанцIарал хъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 25 сон тIубайги. Гьелъул хIакъалъулъ нижеца гIатIидго бицина газеталъул хадусеб номералда.Гьаб нухалъ кьолеб буго тарихияб отделалъул нухмалъулев Пайзула Пайзулаевас ЦIумада районалда хурхун данде гьарурал цоцо хIужаби ва баянал.**

## Эчеда район: центр - Эчеда росу

1926 соналъул лъабабилеб марталда ва анлъабилеб июналда ДАССРалъул ЦИКалъ гьабураб хIукмуялдалъун ГIанди округалда гьоркьор рукIарал Дидоязул ва Ункъракьалъул участкабиги цолъизарун гIуцIана Ункъракьдидоязул абун цIарги лъун район.

- ДАССРалъул ЦИКалъул 1926 соналъул 12 декабралда гьабураб хIукмуялдалъун районалда цIар хисана Эчеда район абун.

Дагъистаналда районал гIуцIиялъе ДАССРалъул ЦИКалъул VI ахIиялъул ункъабилеб сессиялъ 1928 соналъул 22 ноябралда гьабураб проекталда рекъон Эчеда район къана ва гьелъул ракьал ЦIумада районалда гьоркьоре ана.


Агъвали росу

## ЦIумада район

ЦIумада район, центр - Агъвали росу, 1932 соналдаса - ЦIумада росу, 1936 соналдаса - Агъвали росу.

Дагъистаналда районал гIуцIиялъе ДАССРалъул ЦИКалъул VI ахIиялъул ункъабилеб сессиялъ 1928 соналъул 22 ноябралда гьабураб проекталда рекъон, Эчеда районалъул ва цо бутIа цебеккун букIараб ГIанди округалъул ракьазда гIуцIана ЦIумада кантон.

- 1929 соналъул 3 июналда ДАССРалъул ЦИКалъул хIукмуялдалъун кантон районалде сверизабуна.

- 1963 соналъул тIоцебесеб февралалда РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун, ЦIумада район ЦIумада росабазулаб районалде сверизабуна.

- 1965 соналъул 12 январалда гьезулго указалдалъун ЦIумада росабазулаб район ЦIумада районалде сверизабуна.

Район гIуцIаралдаса ккарал хиса-басиял:

1930 соналъул 25 декабралда ВЦИКалъул хIукмуялдалъун цо бутIа росабазул ЦIумада районалдаса ЦIунтIа районалде кьуна.

- 1944 соналъул 7 июналда РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун, ЦIунтIа район къаялдалъун гьелъул ракь цIидасан ЦIумада районалде кьуна.

- 1951 соналъул 25 сентябралда ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул хIукмуялдалъун, ГIахьвахъ районалдаса ЦIумада районалде рехана Гьимерсо росдал совет.

- 1951 соналъул 6 марталда РСФСРалъул Верховный Советалъул президиумалъул указалдалъун, Кидеро росдал совет ЦIумада районалдаса ЛъаратIа районалде кьуна.

Гьезулго указалдалъун 1955 соналъул 15 октябралда ЦIумада районалда гьоркьоб букIараб ЦIунтIа районалъул ракь цIидасан гIуцIараб ЦIунтIа районалда гьоркьобе кьуна.

Районалда буго кинабниги 58 росу.

## Ункъракь

НакIкIазукь кьижарал кьурул свераби,
СиратIалъул нухлъун мугIрул сухъмахъал,
Свакалев гьечIо дун, гьаб кинаб хIикмат-
ХIатIазги эхеде вуго хъамулев.
Хъуй гьечIо рагIулеб машинабазул,
Шуршур буго гIицIго Бедарохьосан,
Борхалъи, борхалъи, тIарада Диклос,
Дуниялго цебе – огъохъатиниб.
Анищал, пикраби, тарих араб мех,
Авалаб бацIцIалъи, цIунараб Ункъракь,
ЦIцIедуе гурони нух гьечIониги,
Гьаниб шагьра бугин, росабазул халкъ.
Херав жамагIатчи, тIадхъварщинисев,
ТIамуна дуца дун васвасдабалъе,
Метрада ток бугин, Сильди нух щванин
Сонал дур ун ругин, Аллагьасе рецц.
БукIана дур рохел заман аниги,
Заманалъул шартIал щолел ругилан.
Щайха дур беразулъ дица цIалараб
ЦIодораб пашманлъи? Лъала…лъаларо…
Лъуна дида цебе кваназе бугIа -
Кида кIочон толеб тIагIамги махIги.
ТIорал журачIого, хьон хисичIого
Хурзабахъ гьанибго соназ цIунараб,
Сапараз дун чанги бакIазде щвана,
БихьичIо, бичIчIичIо, гьаниб кинигин,
Унго, тIабигIатгун инсангун тарих
РукIун ругел аскIор - Ункъракьалъул ракь!

### Тарихал ва хIужаби

ЦIумада район буго Дагъистан республикаялъул югалъулабгун бакътIерхьул рахъалда Гуржиязул ва Чачаназул гIорхъода БетIераб Кавказалъул щобазул севериял рорхалъабазда. Гуржиязулгун цIумадисезул гIорхъи буго 13 км халалъиялда, чачаназулгун 38 километралда.

* * *

Районалъул ракьалъул гIорхъи буго республикаялъул ункъо районалъулгун – ГIахьвахъ, Шамил, ЛъаратIа ва ЦIунтIа. Районалъул ракьалъул гIатIилъи бащалъула 1178,48 кв. километралда.

* * *

Районалда буго 58 росу. Гьел жанире рачун руго 23 муниципалияб гIуцIиялъ. Гьениб гIумру гьабулеб буго 24 азарго чияс. Район бахун къватIир ругел цIумадисезул къадар 100 азаргоялдаса цIикIкIун буго.

* * *

Районалъул ракьалъул 20 процент ккун буго накIкIил, махил, гьадил гьарзаял рохьаз.

* * *

ЦIумада районалда буго БетIераб Кавказалъул щобалъул Богоссалъул рикьелалъул даим гIаздаца ккураб 4151 метралъ ралъдал гьумералдаса борхатаб ГIадалло-Щулъгел мегIер (гьеб рагIи лъугьун буго «гIадан щолареб мегIер» абураб каламалдаса).

* * *

Кила гIурул байбихьуда ралъдал гьумералдаса 2923 метралъул борхалъиялда буго Россиялда бищун борхалъиялда бугеб метеостанция –«Сулак высокогорная».

* * *

ЦIумадисезул ракь бечедаб буго термалиялгун минералиял лъиназдалъун. Гьединал иццал руго Инхокъвари, Хъвайни, Метрада, Гьигьалъ, Хуштада, Агъвали росабазда аскIор ва ГIанди гIурул жаниблъиялда чанго бакIалда.

* * *

Гуржиялъа къватIибе бачIун, район кIибикьун унеб ГIанди гIурухъе журала Хъваршини, Силди, Сасикь, Гьимерсо, Гьаквари, Гьадири, ТIинди, Хуштада росабалъан чвахулел лъарал.

* * *

КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъана 2190 цIумадисев. Гьезул бащдаздаса цIикIкIарал рагъдаса тIадруссинчIо. анцI-анцI чи мустахIикълъана улкаялъул орденазегун медалазе ва цогидалги шапакъатазе. Эчеда росулъа Къади Абакаров мустахIикълъана Совет Союзалъул БахIарчиясул цIаралъе.

* * *

ГьабсагIат унеб хасаб рагъул операциялда гIахьаллъулев вуго 100-ялдаса цIикIкIун цIумадисев.

*Гьумер хIадур гьабуна*
***Пайзула ПАЙЗУЛАЕВАС.***

# ЦIумада районалда - цIиял школал

**Киса-кибго гIадин, ЦIумада районалъул росабалъги кIодо гьабуна 1 сентябралъул, ай лъай кьеялъул къо. Гьеб къо цIакъго лъикI кIодо гьабуна Гьигьалъ ва ТIисси росабалъ. Гьенир рагьана цIиял школал.**

**Школазул азбар берцин гьабун букIана цIалул форма ретIарал цIалдохъабаз, киса-кирего рарал гIисинал байрахъаз, шараз ва кьер бугел, кунчIулел квараз.**

## Гьигьалъ

Исана ЦIумада районалъул Гьигьалъ росулъ рагьана ШапихIажи ГIисаевасул цIар кьураб кIитIалаяб школа. ШапихIажи ккола «Дружбы народов», «Знак почета», «За оборону



Кавказа» орденазе мустахIикълъарав чи. Росулъ директорлъун вукIарав эмен рагъде индал, гьесул бакIалда школалъе нухмалъи гьабуна гьес. Гьелдаса хадурги лъикIа-лъикIал хъулухъазда хIалтIана. Къокъго абуни, росу-ракьалъе, районалъе пайдаяв, мисалияв чи вукIана ШапихIажи.



Школа рагьиялда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул спорталъул министр Сажид Сажидовас, МухIамадсултан ГIалиевас, ГIумарасхIаб ГIисаевас, ШапихIажи ГIисаевасул вас МухIамад ГIисаевас, районалъул нухмалъулесул заместитель Халилула МухIамадовас ва цогидазги.

**Школалъул директор МухIамадкеримов МухIамад:**

- 2019 соналъ байбихьана школа базе. Школалда буго 120 цIалдохъанасе бакI. Гьале жакъа байбихьулеб буго лъималаз гьениб цIали гьабизе. Нижее цIакъ хIажатаб букIана школа. Госстандарталда рекъон бараб, киналго квегIенлъаби, санагIалъаби руго гьенир. Гьаб буго росдае нилъер пачалихъалъул бетIер В. Путиница сайгъат гьабураб. Школа балаго кумек гьабуразе ва квербакъаразе баркалаги буго.

**25 соналъ школалъе нухмалъи гьабурав МухIамадкеримов ТIалхIат:**

- Цебего, Надирхан абулев чияс бараб школа букIана Гьигьалъ. ГьитIинаб бугониги, гъамас гIадаб школа букIана. Школалъул ГАЗ-51 машинаялъ Аргуналдаса бахъараб баччизе кколаан гьанибе тIурччи. ЦIул бакIаризе ине кколаан тIиндадерил рохьоре. Надирханица гIемерал соназ нухмалъи гьабуна школалъе.

Дун школалъул нухмалъулевлъун тараб заманалда, лъай кьеялъул министрасул кумекалдалъун щвана нижее щиталъулаб школаги. Гьенибги букIана микьго кабинет, директорасе бакI, бегьулареб, къадараб школа букIинчIо. 1999 соналда, рагъ байбихьараб заманалда, дунги цо къокъаялъул командир вукIана. Путин Болъихъе вачIараб заманалда гьесдаги бихьана нижер гIолохъабазул бахIарчилъи. Хадуб, МахIачхъалаялде Путин вачIиндал, гьениб тIобитIараб тадбиралда борхана нижеца Гьигьалъ росдал бугеб ахIвал-хIал, школалъул къварилъи. Путиница абуна. «В Гигатлях школа будет», - ян. Гьесул гьел рагIабаздаса хадуб моцI балелде рачIана школалъе проект бахъизе гIадамал. Гьедин щвараб школа буго гьаб.



## ТIисси

Щуго соналъ балагьун чIана ТIисси росдал жамагIат цIияб школа лъугIиялъухъ.

**ТIисси росдал школалъул нухмалъулев Шамил ХIажиев:**

- ТIисси росулъ рагьана 80 цIалдохъанасе бакI бугеб, кIитIалаяб, киналго квегIенлъаби жанир ругеб школа. Гьеб базе байбихьана 2019 соналда. Гьале жакъа гьениб кьабгIуна тIоцебесеб цIумур, кьуна тIоцебесеб дарс, тIоцебесеб нухалда партаялда нахъа гIодор чIана нилъер гьитIичал.

**Районалъул нухмалъулев Ш. ГIумаровас баркана цIалдохъабазда ва абуна:**

- Гьанисан лъола букIинеселде гали. Биччан те гьаб цIияб цIалул соналъ нужее цIияб школалда кинабго лъикIабщинаб, лъикIал къиматалгун роцIараб гIакълу щвезе. Гьарула нужее ва мугIалимзабазе цIалулъ ва гIумрудулъ икъбал.

ГI. Камиловасги баркана цIалдохъабазда, мугIалимзабазда, умумузда, росдада цIияб цIалул сонги, цIияб школаги. Гьес гьарана гьезие



Гьале исана мурад тIубана, рагьана 80 цIалдохъанасе бакI бугеб школа. Гьеб рагьиялда тIасан кIудияб тадбирги тIобитIана. Школа базе квербакъана пачалихъияб бюджеталъ, районалъул меценат, Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман лъикIабщинаб, хасго тIоцебесеб гали жидер гIумруялде лъолел, тIоцебесеб нухалъ партаялда нахъа гIодор чIолел цIалдохъабазе, нухда гьел тарунгутIизе, цIалулъ бергьенлъаби ва баракат.

«ХIакъикъат» казияталъул коллек-



Камиловасул хIаракаталдалъун.

Тадбир рагьиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас, ГIабдурахIман Камиловас, республикаялъул ветераназул комитеталъул председатель МухIамад Шапиевас ва цогидазги.

тивалъги баркула ЦIумада районалъул кIиябго росдал цIалдохъабазда ва росуцоязда цIиял школал рагьиялъул рохалилаб байрам. Гьарула цIалдохъабазе бергьенлъаби, гIумрудул нухда хIетIе таричIого битIараб нухдасан ин.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

# Табасараналъул хIикматал расенал

## Хъизан ккола улкаялъул аслу

(В. Путин, РФялъул президент)

**Араб анкьалда Табасаран районалда, анкьго вацасул ва цо яцалъул Хъалаялде данделъун рукIана Юждагъалда ругел шагьаразул, районазул вакилзаби, гьединго, республикаялъул цогидалги районаздаса гьалбал ва журналистал. Гьениб кIодо гьабулеб букIана Хъизамалъул сон.**

**Цин бицинин Табасаран районалъул центрлъун кколеб Хучни росдацаги, жиндир хIакъалъулъ биценал гIемераб хъалаялъги, районалъул гIадамазги диего гьабураб асаралъул хIакъалъулъ.**


ГI. ГIабдулмуслимовас шапакъатал кьолел руго

*- Лъалебги лъаларебги Дагъистан. Свакалей гьечIо дур берцинлъиялъул бицун. Дур мугIрузул борхалъиялъги тIадегIанлъиялъги асир гьаюрай дие дагьабги гьайбатаб асар гьабуна гIурччинлъиялъулъ гьелчелеб бугеб Хучни росдаца. Гьенире щвезегIан бакI-бакIалда ран ругел баннераз бицунеб букIана районалъул тарихалъул хIакъалъулъ.*

*Гьеле – СВОялъул ункъо БахIарчи вахъараб Дагъисталъул хIикматаб бокIон. Хъизамалъул сон Табасараналда кIодо гьабиялъул гIиллаги батила гьеб миллаталъул хъизамазда гIемер лъимал рукIинги.* Цоги – тIоцее Табасараналде щолей дир гъира букIана киназго бицунел Хучниялъул чвахелаби рихьизе ва анкьго вацасулги цо яцалъулги цIар кьураб хъалаялъул къиса рагIизеги. Гьение щвезегIангицин яхI гьабизе кIвечIого, интернеталдаса гьеб балагьизе лъугьана.

ЦIакъ ракI къварид гьабулеб бицен батана гьеб. Кинго божизе бокьун букIинчIо Дагъисталъул гIадатал-гIамалаз куцарай, анкьго вацасул цохIо яцалъ гьединаб рогьо гьабунин абураб жоялдаги.

Щиб лъалеб, анкьго вацасул цо яцалда бахиллъараз квешезего бицараб батизеги бегьула гьеб. Рес гьечIо, биценалда рекъон, гьей берцинай дагъистаниялъ тIул бикьарал вацазе хIилла гьабизе. Амма гьебго бицен такрар гьабуна дие Табасараналдаги. ХIинкъадго щвана дун гьеб хъалаялде цее - яцалъул гьаракь рагIулеб бугиланги ккун, хех гьабун гьениса нахъе йилълъана дун. РакIги хIалуцун тIеркIезе лъугьана, дунгоги хIалакана гьеб бакIалдаса нахъе ине, ай сон-жакъа гьеб лъугьараб гIадин йихха-хочун йикIана дун. Бокьун букIинчIо божизе цIакъго захIматаб гьеб биценалда:

*- Ираналъул шагь жиндирго богун Дагъисталде вачIараб мехалда, гьел щола Табасараналъул ракьалде. Дун жание щвараб гьаб хъалаялъур тушманасде данде рагъулел рукIун руго анкьго вацги гьезул яцги. БахIарчиял вацазде данде рагъун бергьунареллъи бичIчIидал, тушманас хIилла ургъун буго. Цояб биценалда рекъон, живго шагьас, цоги биценалда рекъон, шагьасул бодулъ вукIарав цо рагъухъанас, жиндие йокьун йигилан, лъадилъун ячIани, вацалги гьейги хвасар гьаризе ругилан, яц махсараде кквезе чапар витIун вуго. Гьелда божарай яцалъ, вацал хвасарлъиялъе гIоло, тушманас абурабги гьабун, гьезул ярагъ хIалтIулареб хIал гьабун буго, цIамхIалаб лъимги тIун.*

*Яцалъулги вацазулги хадусеб къисматалъул хъвазе бокьун гьечIо. Гьеб цIакъго ракI унтизабулеб буго...*

Гьеб борхалъиялде ниж рахунаго, дандего рачIана лезги ва табасаран миллатазул миллиял музыкалиял алатазул бакънал. Киса-кибего - байрамалъулаб ахIвал-хIал. Гьаб цояб рахъалда – миллияб кванил нигIматазул майданал, доб цояб рахъалда – бежулеб-белъунеб цIигьанал махI, гьекъолеб чай, ахIулеб кечI, пулеб зурма, зурмихъе кьурдулел дагъистаниял. Доле дагьабги добегIан, доб хъалаялда аскIор тIоритIулел ругоан миллиял спортивиял хIаязул къецал. Хъалаялда дандбитIун бугеб районалъул музеялда жанире лъугьиндал, къадада рарал суратаз ва некIсиял тIагIелал-алатаз бицунеб букIана районалъул ва щибаб росдал тарихалъул, маданияталъул, адабиятальул тарихалъул хIакъалъулъ.



Дагъистаналъул Руччабазул союзалъул председатель И. Мамутаеваги гIахьаллъана байрамалда

Нилъер къуват буго цолъиялъулъ. Жакъа щибаб хъизамалъул талихIалда бараб буго ВатIаналъул талихIги. Жакъасел БахIарзал. Гьединал гIолилаз цIун буго Дагъистан. Гьел ккола нилъееги нилъер лъималазеги бихьинчилъиялъулги бахIарчилъиялъулги унго-унгояб мисал.

Майданалъул доб цояб рагIалда, ахIулаго кечIгун, халичаби рессулел рукIана Табасараналъул гьайбатал ясал. Халичабазда ясаз рессулел азар батIиял расенал щущан ругин киса-кирегоян кколеб букIана дида, хъалаялъул борхалъудасан Хучни росдахъ ялагьидал. Минабазул тIогьал гурони рихьилареб хIалалда гIурччинлъиялъулъ гьелчелеб бугеб гьеб хIасратго гIенеккун бугеб гIадаб асар гьабулеб букIана байрамалъул хIикматал сариназухъ.

Байрамалъул майданалъул хасаб бокIон сайгъат гьабун букIана районалъул школазул цIалдохъабазул кверзул хIалтIабазе. Хвезе тун гьечIо гьез миллияб хаслъи бугел кверзул махщелалги, гьездаго гьоркьоб бищунго кIвар бугеблъун кколеб халичаби рессиги.

Ва ахиралдаги - киназего цIакъ кIудияб асар гьабулеб букIана палугьабаз кварида гьарулел гьунараз. Дагъисталда къанагIалъулеб бугеб палугьанлъиялъухъ ралагьун, цIакъ кеп букIана лъималазеги.

Гьенибго букIана республикаялъул ГIолилазул министерствоялъул **«Дроназул школа»** абураб проекталъул цебелъейги. МахIачхъалаялда бугеб инновациялъулаб колледжалда ругьун гьарулел руго БПЛАялъул операторал. ЦIалун лъугIигун, гьезие кьолеб буго пачалихъияб документги.

Юждагъалъул гIадамазда хъизамалъул байрам баркизе вачIун вукIана Дагъисталъул хIукуматалъул председатель **ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовги**.

Байрамалъул гIахьалчагIазул щибаб майданалде аскIове щвана гьев, гьабуна гьезулгун гара-чIвари. Гьединго **ГI. ГIабдулмуслимовас ва районалъул бетIер МухIамад Къурбановас** Баркалаялъул кагътал ва сайгъатал кьуна Юждагъалъул ракьалда ругел росабазул ва шагьаразул хъизамазе. Районалъул бетIерас жиндирго кIалъаялда кIвар кьуна районалъул гIаламатлъун кколеб халичаби рессиялъул махщелчилъи цIунун хутIиялъе гьабулеб бугеб хIалтIудеги. ЦIигьабизе буго халичабазул Музей. Гьеб киналъего квербакъиялъе районалъул нухмалъи гIахьаллъулеб буго республикаялъул **«Местные инициативы»** абураб программаялда.

Гьес тIугьдул лъуна СВОялда чIварал солдатазе бараб памятникалда цебе ва сихIкъотIиялъул минуталдалъун байрамалъул гIахьалчагIазда цадахъ ракIалде щвезаруна ВатIаналъул парахалъиялъе гIоло гIумру кьурал бахIарзал.

Тадбиралъул ахиралда Табасаран районалъул ва Юждагъалъул районазул гьунарчагIаз кьуна кIудияб концерт. Гьединго гьениб гIахьаллъана табасараназул театрги.

**Хъизамазул талихI - ВатIаналъул талихI** - гьединаб букIана гьеб тадбиралъул ахIи. Гьенир ракIалде щвезаруна Россиялъул БахIарзазул цIаралъе мустахIикълъарав ункъавго табасаранав.

Нилъер къуват буго цолъиялъулъ. Жакъа щибаб хъизамалъул талихIалда бараб буго ВатIаналъул талихIги. Жакъасел БахIарзал. Гьединал гIолилаз цIун буго Дагъистан. Гьел ккола нилъееги нилъер лъималазеги бихьинчилъиялъулги бахIарчилъиялъулги унго-унгояб мисал.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# ХIалтIиги гIарацги

**Россиялда «Земский тохтур» абураб программа хIалтIизе байбихьана 2012 соналдаса нахъе. Росабалъе хIалтIизе арал тохтурзабазе миллион гъурущ, фельдшеразе - 500 азарго гъурущ кьола хIукуматалъ. МугIрузул росабалъе аразе, бакIалъухъ балагьун, 1,5 миллион ва фельдшеразе - 750 азарго гъурущги буго бихьизабун.**

**Жакъа къоялде «Земский тохтур» программаялда рекъон, нилъер республикаялда 66 специалист хIалтIулев вуго. Гьезда гьоркьоса 53 - тохтур ва 13 - медицинаялъул гьоркьохъев хIалтIухъан.**

**Дагъистаналъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ гьабсагIатги къабул гьарулел руго росабалъе (росу, шагьар, поселок букIа, 50 азарго чи гIечIеб бакI букIине ккола гьеб) хIалтIизе ине бокьарал ва гьезул сияхIалда 182 специалистасе бихьизабураб бакI буго.**

**ГIарцулаб кумек букIин гуребги, гьеб программаялъул лъикIаб рахъ буго ригьалъул гIорхъичIвай гьечIолъиги. Нилъеда лъала, хIалтIи балагьулаго тIоцебе сонал ва хIалтIизе бугеб бажари цIехолеблъи.**

**2022 соналдаса нахъе гIарцулаб кумек щвезе ккани, росабалъе гочинецин кколел гьечIо. ЦIализе шагьаралде арал гIолилал жидерго росулъе хIалтIизе тIадруссаниги гIолин хъвалеб буго социалиял гьиназда. Гьеб рохизе ккараб хIужаги буго, росабалъ хIалтIизе бакIалги лъикIал шартIалги ругони, гIадамаз жидерго рукъги ракьги рехун теларо.**



## Шагьаралдаса - ЦIунтIе

«Земский тохтур» пачалихъияб программаялда рекъон, чанги тохтур ва медицинаялъул гьоркьохъев хIалтIухъан вуго магIарул росабалъ хIалтIулев. Гьединазул цояй ккола ЦIунтIа райбольницаялда бетIерай тохтуралъул заместитель ва акушер-гинеколог Хадижат ГIалихазумова.

Хадижат гьаюна Болъихъ районалъул Гъодобери росулъ. Къисматалъ гьей ячана ЛъаратIа районалде, гьение росасе ана.

16 соналъ хIалтIана Хадижат ЛъаратIа райбольницаялда батIи-батIиял хъулухъазда. 2007 соналдаса 2019 соналде щвезегIан нухмалъи гьабуна ЛъаратIа райбольницаялъул лъимал гьарулеб отделениялъе ва цадахъго хIалтIана акушер-гинекологлъун.

Гьелъ лъугIизабуна Волгоградалъул медицинаялъул университет. Гьенибго лъугIизабуна акушерствоялъул ва гинекологиялъул ординатураги.

ЛъагIелгIан заман буго Хадижат шагьаралдаса рикIкIад бугеб ЦIунтIа районалде хIалтIизе аралдаса. Жийго магIарухъе иналъул, гьенир ругел шартIазул, хIалтIул хIакъалъулъ бицана нижее Хадижатица.

- Дун хIалтIулей йикIана ЛъаратIа райбольницаялда отделениялъул нухмалъулейлъун. КIиго соналъ цее гочана МахIачхъала шагьаралде ва «Акрополь» клиникаялда хIалтIулей йикIана акушер-гинекологлъун ва УЗИ гьабулей тохтурлъун. Араб соналда дир лъай-хъвай ккана ЦIунтIа райбольницаялъул бетIерай тохтур Мадинат Рамазановналъулгун. Гьелъ гьесизаюна дун «Земский тохтур» программаялда рекъон хIалтIизе ЦIунтIа районалде гочине. Гьедин, араб соналдаса нахъе дун ЦIунтIа районалда хIалтIулей йиго УЗИ-тохтурлъун ва больницаялъул бетIерай тохтуралъул сах гьариялъул рахъалъ заместительлъун.

**- Районалъул гIадамаз, коллективалъ кин мун къабул гьаюрай?**

- ГIадамазул лъикIлъи бихьани, гьаниса нахъего ине бокьиларо. Коллективги буго лъикIаб, жидерго хIалтIиги лъалел, гьудуллъиялъулаб бербалагьиги бугеб. Дидаги гьез берцинаб дандчIвай гьабуна. Коллективалда гIемерисел руго республика бахун къватIир цIаларал, хIалтIарал, хIалбихьи бугел специалистал. Жидерго ватIаналде тIадруссун, гьенир хIалтIулел руго гьел.

**- ХIалтIуда шартIал ругищ? Жаний чIезе рукъ-бакI кьунищ?**

- ХIалтIуда шартIал квешал гьечIо, кинабго лъикI буго. Рукъалъул суал дагьаб захIматго тIубанин абизе бегьула. Больницаялда аскIобго рукъ букIана дие бихьизабун. Гьенир шартIал рукIинчIо, гьединлъидал дица рикIкIад бугониги, Гьигьалъ росулъ батана дандеккараб бакI, рукъ гьениб ккуна. Радал-бакъанида, гIемерисеб мехалда йилълъун уна Гьигьалъ росулъа Кидерое хIалтIуде. Лъабго километралъул манзил буго кIиябго росдада гьоркьоб. Дицаго гIарацги кьола рукъалъухъ, кьуниги гьенир дие данде кколел шартIал руго.

## Росулъе аразе - миллионгун бащдаб

**- Хадижат, харжалъул рахъ босани, шагьаралдайищ цIикIкIун щолеб букIараб, гьенибищ?**

- Путиница тIаде биччараб гIарацги рикIкIун, харж гьаниб цIикIкIун щола.

**- «Земский тохтур» программаялда рекъон кигIан гIарац кьураб ва заманалда щванищ гьеб?**

- ХIалтIизе лъугьун, кьотIи-къай хъван кIиго-лъабго анкь иналде гIарац бачIана. МугIрузул борхалъуда букIиналъул рахъги хIисабалде босун, миллионгун бащдаб щвана дие.

**- РакI бухIанищ гьение хIалтIизе иналдаса?**

- Гьеб буго дагьаб захIматаб суал. РакIги бухIичIо, амма лъималаздаса дагьай рикIкIад йикIиналъ рекIее рахIат букIунаро.

КIиго вас ва щуго сон барай яс йиго дир. КIудияв вас цIалулев вуго политехникияб университеталда, гьитIинав вас - 11 классалда. Гьел руго шагьаралда. Дица цадахъ ячун йикIана яс, гьание ясли-ахалде йитIилин абун. Амма гьеб суал дагьаб захIмалъана нижее. Яслиялда бакIги щвечIого, щибаб къоялъ хIалтIуде нахъе цадахъ ячине ккана гьей. Гьелъиеги диеги бигьаго букIинчIо гьедин хьвадизе.

**- Масала, цо къоялда жаниб чан чи вачIунев духъе халгьабизе?**

- АнцIгоялдаса цIикIкIун чи вукIуна щибаб къоялъ.

**- Щуго сон ун хадуб, гьенийго хIалтIизе чIайин абуни, бокьилаани申 чIезе?**

- Бокьиларин ккола. Хадуб щиб ккелеб лъаларо.

**- Мунго гIадин гьаб программаялда рекъон хIалтIизе инин ккаразда щиб дуца абилеб? Унищ лъикI, инчIогойищ?**

- Дида ккола хIалтIизе бокьарав чиясе лъикIаб, санагIатаб программа бугин гьаб. Заманги гIезегIан хехго унеб буго, гьединлъидал бегьулареб хIалтIи гуро гьаб.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***


ЦIунтIа районалъул централияб больница

# КьучIаб рагIул бахIарчи

**Цебего бокьун букIана Дагъистаналъул МВДялъул Хасавюрт шагьаралда бугеб отделалъул нухмалъиялде кколеб цIех-рех гьабиялъул изоляторалъул начальниклъун вукIарав жанисел ишазул подполковник ХIажиев МахIмудил хIакъалъулъ макъала хъвазе. Амма щибаб нухалда кодобе босараб кагъатги ручкаги гIодоб лъуна, щайин абуни, гьесул хIакъалъулъ хъвазе дирго махщел, гьунар гIеларин ккараб пикруялъги, хъвазе гьунар гIуниги, гьадинав чи вукIанин абун хъваралда цIаларал божиларин гьабураб хIисабалъги. Жакъа гьесул хIакъалъулъ хъвазе тIаде босиялъе гIиллалъун кканa «Гьудуллъи» газеталъул бетIерав редактор МухIамадрасул ШайхмухIамадовас, МахIмуд ХIажиевасул ясалъул ясалъ гьесул биографиялъул хIакъалъулъ гьабураб хъвайхъвагIай дихъего кьей.**

Советияб Армиялда хъулухъги гьабун, 1967 соналъ тIадвуссарав дун, дова-гьанив хIалтIулевги вукIун, 1970 соналъ хIалтIизе лъугьана цIех-рех гьабиялъул изоляторалде. Гьеб заманалда гьенив начальниклъун вукIана МахIмуд. Гьев вукIана кутакалда сахаватав, живго хваниги кьураб рагIи холарев чи. Жиндирго хIалтIухъабаздехун гьесул букIана цогояб бербалагьи, гьес киданиги миллат-мацI батIиявин чи ватIа гьавулароан. Гьес кабинеталдеги ахIун гурони, жиндирго хIалтIухъанасе малъа-хъвайги бадибчIвайги гьабулароан.



Дун гьенив кIиго соналъ хIалтIана контролёрасул хъулухъалда. МахIмудица дие рагIи кьун букIана, кIиго соналъги хIалтIун, спецшколалде цIализе витIизе. Гьес кьураб рагIиги ккуна. 1972 соналъ дун цIализе лъугьана Владимир шагьаралда букIараб, гьоркьохъеб лъаялъул офицерзабазул хасаб школалде. 1974 соналъ гьебги лъугIизабун, лейтенантасул чиналда, хIалтIизе байбихьана гьебго изоляторалда жавабияв дежурныйлъун.

Буртунай росулъа ригь арав чи вачIуна МахIмудихъе, росулъа чи хIисабалда. Дуда цеве гьанив цо пуланав, жинда лъикI лъалев чиясул вас вугила, гьесул инсуца гьарулеб бугила гьевгун дандчIвазе рес гьабуни, жинца кIудияб къадар гIарцул кьелилан. МахIмудица хасаб часталдаса бачIинабула гьев васасул дело. Гьелъул хал-шалги гьабун, МахIмудица абула, инсуда абейин васгун дандчIвазе вачIайилан. Васгун эмен дандги чIвала. ВачIун дов росуцояс МахIмудида цебе лъола пакет, гьаб бугила инсуца кьураб гIарацинги абун. МахIмудица абула, жинца гьев чиясе кумек гьабунила законалъ жиндие ихтияр кьун букIиналъ. Гьеб гIарац инсухъе кьейила, дуеги баркалайила. КIудияв чиясул биценалда рекъон, гьев вукIун вуго гьоркьохъанлъи гьабуралъухъ, МахIмудица жиндие щиб къадардай гIарцул кьелаян пикрабазда. Гьес абулаанила, гьеб къоялъ МахIмудил сахаватлъиги жиндирго къадарлъиги бихьун, жиндасаго ракIбуссанин абун.

БукIана цоги гьадинаб лъугьабахъин. Гьел рукIана цо байрамалъул къоял. Ниж рукIана рокъоре инчIого, хIалтIудаго чIун. Капитанасул чин бугев тумав МухIамадов Нажмудин вачIана. Дица богогьанасда абуна, начальникасеги гьесиеги квен-тIех босейилан. Гьезие бачIараб кванилъ букIана цо-цо къотIел гьаналги. МахIмудица абуна гьан нахъе босейилан. Поварас гьан нахъе босидал, Нажмудиница МахIмудида абуна, дуца гьан кваналарищин абун. МахIмудица абула, дуда кивила вихьарав магIарулав гьанги мохмохги кунарев, гьан бугила туснахъалъур ругезе грамм граммалда лъун кьолеб, жинца дозул гьан кваназе бегьуларила.

Бицинин цо гьадинабги лъугьабахъиналъул. Дир инсул вац вукIана 40-45 соналъ Алмахъ росдае имамлъи гьабурав гIалим Камалодин. Дилим росулъ хвел ккараб бакIалде зигараялъ унезухъ гьес зигара бан хъвараб кагъат битIула, жиндаго гьениве ине кIунгутIиялъ. Зигараялъ рачIаразул цояс доб кагъат кьола кIудияв чиясухъе. Гьев кIудияв чиясухъа кагъат цIализе бажаруларо, дос кьола цогидасухъе, досдаги лъаларо. Гьенив тазияталда вукIарав МахIмудица абула, гьеб кагъат жинхъе кьейилан. Дос МахIмудида абула, гьаб дур къагIидаялъ хъвараб кагъат гурилан. Лъабабилесдаги кагъат цIализе лъачIеб мехалъ, МахIмудица, кагъат жиндихъего кьезабун, гьебги цIалун абула, гьаб бугила гьав хварасул гIагарлъиялда, хъизан-лъималазда зигара бан бачIараб кагъат, хварасе алжанги, чIагоязе сабруги гьарулеб бугила гьев чияс. Гьесда гIараб мацIалъ хъвараб цIализе лъаялда тамашалъи гьабун гьелги хутIанила.

1994 соналъул август моцIалъ МахIмудил васасе, авариялъул хIасилалда, къадар щвана, гьебго къоялъ къадар ккана дир эбелалъеги. Зигараялъ вачIарав цояс дида абуна, МахIмудица абунила, жинда зигара базе Ниязбег вачIинчIин ва жинца гьесда биценила Ниязбегил эбелалъеги къадар ккун бугин абун. Гьев дидаса ригьалъ кIудияв вукIаниги, начальник вукIаниги, нижер лъикIаб гьоркьоблъи букIин гуребги, абизе бегьула гIамал-хасият, дунялалде, тIабигIаталде бугеб бербалагьиги цого гIадаб букIанин. ГьелъгIаги букIун батила, гьеб къварилъи ккараб мехалъ дун гьесда ракIалде щварав. Гьединлъидал дун хехлъи гьабун гьесухъе зигара базе щвана. ТIубан дица зигара бан бахъиналде, кьурун жамагIаталдехунги вуссун, гьенив вукIарав Гебеков АхIмадханида гьес абуна, дугIа гьабейин, гьелда хадуб абуна эбел хвараб тазияталдаса вахъун вачIун вугила гьав жинда зигара гьабизе, гьасда зигара гьабичIев чияс зигара гьабейиланги. Гьенир тазияталда рукIарал дида зигара базеги тIамун, эбел - гьеб кIудияб амру бугинги абун, регIана гьес дун. Гьеб къоялъ гьес гьабураб жо, гьабураб бакI, кибниги, киданиги дандчIвачIо. Гьелдасан бичIчIула МахIмуд светияб гуребги, динияб гIелмуги лъикI лъалев чи вукIин.

МахIмудил заместительлъун СИЗОялда хIалтIулев вукIана гIурус миллаталъул чи А. Андриенко. Гьесул гIайибалдалъун поликлиникаялде хал-шал гьабизе вачарав цо жанив тIамун вукIарав, гьениса тIурула. МахIачхъалаялда изоляторазулги колониязулги отделалъул начальниклъун хIалтIулев вукIана Хунзахъ районалдаса полковник Муртазаев МухIамад. Гьес чанго нухалда МахIмудида абуна, букIараб куцалда рапорт хъвайилан. Амма МахIмудица гIайиб жиндего тIаде босун гурони, гIайиб жиндирго заместителасде биччачIо. Гьес абуна, жиндир хIалтIухъанас биччараб гъалатIги жиндир гъалатI кколилан. Гьедин хIалхьиялде ана МахIмуд. Гьев гурев цогидав вукIаравани, чияр гъалатIали киса тIаде босулеб букIараб, жиндирго гъалатIцин цогидасде тIаде хъурщилаан.

МахIмуд нилъедаса ватIалъана 1996 соналъул август моцIалъ. ЧIаго вукIаравани, МахIмуд чIухIилаан жиндирго племянник Темиргереев Шамилидиса. Гьесги, кIудияв инсул ирсги босун, лъугIизабуна Ленинградалъул МВДялъул тIадегIанаб школа. ХIалтIана Гъизилюрталдаги, Казбек районалдаги, Хасавюрт шагьаралдаги, милициялъул (полициялъул) начальникасул заместительлъунги начальниклъунги. ГIахьаллъи гьабуна Чачаналъ ккараб рагъулъ. Гьеб заманалда Чачаналъан рачIарал хъачагъазул къокъаялдаса Дагъистан цIуниялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ живго Россиялъул президент В. В. Путиница Шамилие кьуна БахIарчилъиялъул орден.

МахIмудил ясалъул вас ХIажиев МахIач ккола машгьурав футболист, хIалев вуго Москва областалъул «Сатурн» командаялда.

МахIмудил хIакъалъулъ хъвазеги бицинеги жеги гIемерал лъугьа-бахъинал руго. РакIалде ккола гьев кинав чи вукIаравали лъазе дица тIадехун рехсарал хIужабиги гIелилан.

***Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ***

**РитIухълъи гъоркьги тIамун,**
**ТIекълъи бихьанщинахъе,**
**Щола МахIмуд ракIалде -**
**КьучIаб рагIул бахIарчи.**
**Гьаб жакъасеб къоялде**
**Щибдай дос абилаан,**
**ХIилла-рекIкIги гьарзаяб**
**Гьерсица тахги ккураб.**
**Кьураб рагIиги кколел,**
**Ккараб къоги борхулел,**
**Бихьиналги дагьлъараб,**
**Вахьнабиги гIемераб.**
**ГIумруялъул дарсазда**
**ГIамал куцарав МахIмуд,**
**Кинго рекъеларoан**
**Гьаб нилъер хьвадиялда.**
**Дос рагьун абилаан**
**Нуж мекъаб нухда ругин,**
**Илбис-щайтIаналъ гуккун,**
**Гъурщица чIвалел ругин.**
**Гъурщица сиратI бахун,**
**Алжан нужей щвеларин,**
**Сахаватлъи цIунейин,**
**Жиб цIеца бухIулареб.**

**Гьедин абилаан дос**
**ЧIаго вукIаравани,**
**ТIекъал-мекъал ишазда**
**ГъулбасичIев аварас.**
**Досул рагIи букIараб,**
**Къуват хвалчал букIинчIо,**
**Дос кици чIван, чIвалаан**
**ЧIухIарал гIолохъаби.**
**Дов вукIана гIакъилги,**
**Дов вукIана гIалимги,**
**ГIелму-гIамал рекъарав**
**Къадирги дов вукIана.**
**Дов вукIана магIарул**
**ЯхI-намусалъул хIуби,**
**Жиндаса мисал босе**
**МустахIикъав багьадур.**
**Гьединав вукIана дов,**
**Дир Салатавиялъул**
**Буртунай росулъ гIурав,**
**ГIадатияв чи МахIмуд.**
**Честь имею, товарищ,**
**Подполковникин абун,**
**Дун жегиги МахIмудил**
**ХIурмат гьабун къулула.**

# «Бигъалъаби ралагъизе киданиги лъугьинчIо»

**Унсоколо районалъул ИштIибури росдал Культурияб рукъалъе 50 соналъ нухмалъи гьабулеб буго ХIажил ПатIиматица. ГIемерисеб хIалтIи, ай хур-хералъулги цогидабги, магIарухъ руччабаз гьабулин абуни, мекъи букIинаро. Гьеб кинабго гьабуна ПатIиматицаги. РукIана захIмалъабиги. Амма гьелда кIвана берцинго хIалтIи гIуцIизеги, росуцоял разияб хIалалда тIадаб иш тIубазеги.**

**1944 соналъул апрель моцIалъул байбихьуда иштIибуриселги гочинаруна чачаназул ракьалде. 1957 соналъ нахъеги гочине ккана жидерго чIунтараб ва биххараб росулъе, гIуцIана цIидасан магIишат. Гьединаб заманалда къваригIун букIана культурияб хIухьбахъиялъеги, бичIчIикьеялъеги, ракIал жураялъеги росулъ шартIал гIуцIизе. Гьеб бигьаяб гуреб хIалтIи тIадкъана 17 сонил ригьалде яхарай ХIажил ПатIиматида.**

**Школалда цIалулеб мехалда гьелъ гIахьаллъи гьабулаан росдал ва районалъул цIалдохъабазул цererахъиназулъ ва махщалида нухмалъи гьабулаан школалда цебе гIуцIараб кочIолгун кьурдабазул коллективалъеги адабиятгун маданият лъазабулел кружоказул гIахьалчагIазеги.**

**Дагьал церегIан къоязда, Культурияб рукъалъе нухмалъи гьабулаго бараб 50 сон тIубай баркизе, гьелъие «Росдал тарих» абураб тIехь сайигъат гьабизе росулъе рачIун рукIана росу тун къватIиб гIумру гьабун ругел росуцоял. ПатIиматгун дандчIвайдал, нижер ккана гьадинаб гара-чIвариги.**



ГIун бачIунеб гIелалда малъана кин хъизан гIуцIизе ва цIунизе кколебали, кIудиязул адаб гьабизе, гIисиназул тIалаб гьабизе, ясазда рацIцIалъи цIунизе, квен гьабизе, рукъ бакIаризе, рукъаризе, угьаризе, хьухьаризе.

**- ПатIимат, 50 соналъ росдал Культурияб рукъалъе, росуцоялги районалъул нухмалъулелги разияб хIалалда, нухмалъи гьаби чIужугIаданалъе бигьаяб иш гуро. Бокьилаан кин дуца хIалтIи гIуцIун букIарабали бицине.**

- Культурияб рукъалъе нухмалъи гьабулаго, лъугIизаруна директорзабазул курсал, хIалтIана лъай борхизабиялда тIад, бичIчIана, росдал гIадамазул кумек гьечIого, хIалтIи цебе унареблъи. Гьединлъидал анкьго чиясдасан гIуцIана гьитIинабго коллектив. Щибаб моцIие гьабулаан план, кIвар кьолаан гьеб тIубазабиялде. Бищун цIикIкIун гара-чIвариялги лекциялги гьаризе ккана наркотиказде ва терроризмалде данде, гьезул заралалъул бицун. Гьелъул лъикIал хIасилалги ккана. Дир кидагосел кумекчагIилъун рукIана мугIалимзабиги, цIалдохъабиги, росдал советалъул депутаталги, гIолилалги. Щибаб байрамалъ гIахьаллъи гьабулаан районалъ тIоритIулел тадбиразда. ЧанцIулго щвана гIухьбузухъе, дояркабазухъе, хурухъабазухъе ва гьезие гIуцIулаан аваданаб хIухьбахъи. 2003 соналдаса нахъе росабазул Культуриял рукъзабазе кьуна «Россиялъул халкъазул культураялъул гIадатазул центр» абураб цIар. Нижеца байбихьана росдал, Дагъистаналъул, Россиялъул батIи-батIиял миллатазул гIадатал лъазаризе, ракIарана росдал музеялъе алатал, лъазабуна тарих.

Дие мисаллъун рукIана эбел-эмен, росуцоял, умумул. Гьез магIарухъ магIишат, бигьалъи цIехон, гьабичIо. Умумуз мугъалъ гамачIги баччун рарал гьечIищ рукъзалги, гьединго, гьарурал ахалги, хурзалги, мучIдулги. Гьеб кколарищ нилъее мисал? Бигьалъабиги гIиллабиги ралагьула хIалтIизе бокьуларес. Депутатлъун йищидал, дида тIадкъан букIана росулъ рацIцIа-ракъалъи цIуниялъул иш. Дун гIемер дандчIвазе ккана росдал жамагIатгун. Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда цадахъ щолаан щибаб хъизамалъухъе, гьарулаан субботникал. Росдал руччабазул советалъул председательлъун йищидал, дида бичIчIана руччабазда гьоркьоб

Дие мисаллъун рукIана эбел-эмен, росуцоял, умумул. Гьез магIарухъ магIишат, бигьалъи цIехон, гьабичIо. Умумуз мугъалъ гамачIги баччун рарал гьечIищ рукъзалги, гьединго, гьарурал ахалги, хурзалги, мучIдулги. Гьеб кколарищ нилъее мисал? Бигьалъабиги гIиллабиги ралагьула хIалтIизе бокьуларес.

Нижер коллективалда ракIалдаса унарел лъугьа-бахъинал ккана гъоркьиса, Расул ХIамзатовасул сонги кIодо гьабун, «Расул вуго, Расул гьадинавлъун кидаго хутIила» абураб темаялда МахIачхъалаялда ва ЦIада росулъ рукIарал цererахъинал. Гьале исанасеб сон лъазабун буго Хъизамазул лъагIеллъун. Нижеца гьебги тIобитIулеб буго лъикIаб хIадурлъигун.

**- Нилъеда лъалаха СССР биххун хадуб Культураялъул рукъзабазул ккараб къисмат. Дуда кин кIвараб Культураялъул рукъалъул хIалтIи букIине кколеб даражаялда цIунизе?**

- Доб заманалда культураги тарбия кьейги къваригIунарин гIадамазеян абулелги камичIо. Гьебги бичIчIун, ракIалде ккана, районалъул культураялъул отделалда дандги бан, «Дин ва гIумру», «Умумузул тарих ва адабият» абурал кружокал гIуцIизе. Гьенир гIахьал гьаруна росдал гIолилалги лъималазул улбулги. Гьаруна гIемерал гара-чIвариял, малъа-хъваял, бицунаан диналда рекъон эбел-инсул, херазул, гьоболгьудуласул, гIагарлъиялъул адаб-хIурмат гьабиялъул, хъизамалда ва росдал гIадамазда гьоркьор берцинго рукIиналъул, ВатIаналде бугеб рокьиялъул ва ВатIан цIунулаго гIумру кьуразул. ГIун бачIунеб гIелалда малъана кин хъизан гIуцIизе ва цIунизе кколебали, кIудиязул адаб гьабизе, гIисиназул тIалаб гьабизе, ясазда рацIцIалъи цIунизе, квен гьабизе, рукъ бакIаризе, рукъаризе, угьаризе, хьухьаризе. Бищунго кIудияб рохеллъун жамагIаталъе букIана гIун бачIунеб гIелалда Къуръан малъизе рес щвей.

**- Культураялъул рукъалъул директорлъун хIалтIулаго, дуца тарбия кьолеб букIана кIудияб хъизамалъе, гьелдаго цадахъ росдал гIадамазулго гIадаб рукъалъул магIишатги, жеги тIуразаризе кколаан росдал советалъул депутатасулги, руччабазул советалъул председателалъулги ишал. ЗахIматго букIинчIищ?**

- Дун бигьалъаби ралагьизе лъугьинчIо. Дие мисаллъун рукIана эбел-эмен, росуцоял, умумул. Гьез магIарухъ магIишат, бигьалъи цIехон, гьабичIо. Умумуз мугъалъ гамачIги баччун рарал гьечIищ рукъзалги, гьединго, гьарурал ахалги, хурзалги, мучIдулги. Гьеб кколарищ нилъее мисал? Бигьалъабиги гIиллабиги ралагьула хIалтIизе бокьуларес. Депутатлъун йищидал, дида тIадкъан букIана росулъ рацIцIа-ракъалъи цIуниялъул иш. Дун гIемер дандчIвазе ккана росдал жамагIатгун. Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда цадахъ щолаан щибаб хъизамалъухъе, гьарулаан субботникал. Росдал руччабазул советалъул председательлъун йищидал, дида бичIчIана руччабазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи цIикIкIинабизе кколеблъи. Расги бигьаяб хIалтIи букIинчIо руччабазул магIарухъ колхозал ругеб заманалда. БукIинчIо ясли-ах, лъимал гIисинал ругин, цониги чи толароан рокъов, киниги баччун унаан колхозалъул хIалтIуде. Культураялъул рукъалъул хIалтIухъаби унаан гьезие аваданлъи гьабизе, хIалтIулъ кIвараб кумекги гьабулаан. Хасго кIудияб кIвар кьуна хъизамазда гьоркьоб дагIба-къец ккунгутIиялъе ва гIун бачIунеб гIелалъе малъа-хъваял гьариялде. Камулароан цо-цо дандеккунгутIабиги, гьединал хъизамазда гьоркьоб гьабулаан рекъелмаслихIат. Гьелъул хIасилалда, 50 соналда жаниб дагIба-къец ккечIого цIунизе кIвана росулъ хъизамал.

**- Мун йищун йикIана халкъияб судалъул заседательлъунги. Сунде кIвар кьолеб букIараб?**

- Судалъ гъалатI биччазе бегьуларо. КъотIулеб хIукмуги букIине бегьуларо чи вихьунин, чед бихьунин абухъе. ТIоцере нилъ ритIухъаллъун рукIине ккола Аллагьасда цере.

Нижер росуцоязул мина унеб букIана колхозалъ бахъун. Дида бичIчIана кIудияб хъизамалъе кколеб бугеб зарал. Дица судиясда бичIчIизабуна гIисинал лъимал ругеб хъизамалъе кколеб бугеб къварилъи. Судалъги хIукму къотIана бетIергьабазухъе рукъ нахъбуссинабизе кколин абураб. Камулароанха гьединал лъугьа-бахъинал.

**- ПатIимат, рази йигищ 50 соналъ гьабураб хIалтIудасаги дурго хъизамалдасаги?**

- Цогидазе малъа-хъваял гьаризе ккани, нилъго рукIине ккола мисалияллъун. Дица гьабулеб хIалтIулъ Аллагьасул кумекги квербакъиги камичIо. Дун лъугьинаро дирго хIалтIуе къимат кьезе, гьеб кьуна росуцоязги районалъул нухмалъулезги. Амма дун талихIай йиго цоцазул адаб-хIурмат бугел росуцоязулги диргоги хъизамаздаса. Росдал мажгиталъул будун МухIамадицаги дицаги гIезаруна ва гIумруялъул нухде тIоритIана цо ясги ункъо васги. Лъималазе щвана исламияб лъайги тарбияги. Гьезулги руго 11 ясги 8 васги. Гьезги, ригьалде рахараз, бищана исламалъулги, сахлъи цIуниялъулги, мугIалимлъиялъулги махщелал. Дун йохарай йиго гIадамазе пайдаялъе кьураб 50 соналдаса.

***ПатIимат ГЬИМАТОВА***

# Нижер гIумруялъул аслияб магIна

**Жакъа лъималазул цIалиялъул рахъги букIинесеб махщелги гIемерисеб мехалда тIаса бищула эбел-инсуца. Гьедин букIинчIо араб гIасруялъул советияб заманалда. Нижер эбел-инсуда лъалароан вузазул къадруялъул халгьабизе, хадубккун лъикIаб карьера гьабизе рес бугеб махщел тIаса бищизе. Гьезие захIмат букIана динияб ва дунявияб тарбия кьезеги. Гьел рукIана хIалтIуцаги рес гьечIолъиялъги ккун. Гьединлъидал нижеца - ГIабдухаликъов ЖабрагIилицаги, ГIабдулаев ГIумарасхIабицаги ва гьаб макъалаялъул автор Абулмуслимов Рамазаницаги – тIаса бищана учителасул махщел. Гьелда тIадрекъана нижер эбел-эменги.**

## КIиго батIияб заман

Нижеда абизе бегьула кIиго батIияб гIумру бихьарал гIадамалилан. ГIолохъанаб гIелалъ какулеб бугониги, нижер гIелалъул гIемерисез беццула СССРги коммунистазул гIуцIиги. Ниж, гьаб макъалаялъул авторги, ГIабдухаликъов ЖабрагIилги, ГIабдулаев ГIумарасхIабги ккола ЦIунтIа районалъул Гьунзиб росулъа. Ниж гьаруна 1950-1951 соназда ва цIализе байбихьана 1957 соналда.

Бича-хисиялъе нухал рагьараб, бокьаралъуре ине рес бугеб гьаб заман нижеца бецциларо, какизе гьечIо диналъе нухал къан рукIанилан гIемераз какулеб доб мехги. Щайин абуни, кIиябго заманалъул рукIана гIолелги гIоларелги рахъал.

Дин гьабизе коммунистаз гьукъун букIанин абула, амма гьабулев чиясул динги щулияб букIана. Жакъайин абуни, дин гьаби гIемерлъанагIан иман дагьлъулеб буго, гьереси буго киса-кибго тIибитIун, гIарац-месед буго инсанасдаса хиралъун.

Гьаб заманалда мажгиталги рагьун ругелъул, диналде данде рагIи абулев чиги гьечIелъул, жакъасеб хIакъикъат рецц-бакъалъе мустахIикъаб гьечIилан ракIчIун абула дица. Вацалги цоцалъ рекъон чIечIони, яцалги давла сабаблъун барщун ругони, гьабулеб динги дугIаалхIамги кинаб букIунеб, лъалеб батила цохIого-цо кинабго лъалевги бихьулевги Аллагьасда.

ГьабсагIаталда нижер лъабазулго буго лъабкъоялда анцIилаункъо сонил гIумруялде рахараб заман. Нижее рукIинчIо гьанже заманалъул гIадал ресалги, залалги, спортивиял тайпабиги. Нижер спортзаллъун букIана берцинаб тIабигIат, бацIцIадаб гьава-бакъ. Ниж рукIана рекерухъаби – мугIрулги щобалги тира-сверун куцарал. Рииги хаселги, хинлъиги цIоройги нижеда лъалароан. ЛъагIалил заман кинаб бугониги, ниж рукIана расандизеги, хъещтIезеги, гIурулъ чвердезеги, рохьоре ун цIул гьабизеги, гьединго тира-сверизеги гьира бугел лъимал. Амма гьанже гIадин спортивияб рахъ цебетIураб букIинчIониги, ниж рукIана лебалал палугьабиги альпинисталги.

ГьитIинаб росу буго нижер. 1957 соналда рагьана байбихьул классазул школа. Исана 67 сон тIубала гьеб рагьаралдаса. Школалда тIоцере хIалтIарал мугIалимзаби рукIана батIи-батIиял росабалъа рачIарал.

Нижеца эбел-инсуца абураб, данде рагIи абичIого, тIубазабуна. КIудиял чагIаз малъарабги гьабуна, школалда цIалулаго, мугIалимзабазухъ гIенеккана, гьезул адаб-хIурматги гьабуна. Гьанжейин абуни, гьелъул гIаксалда, кинабго хисун буго. Школаздаса байбихьун, цIали гIарцухъ буго, цIалдохъабаз мугIалимзабазул адаб гьаби дагьлъулеб буго. Щибаб росдал, шагьаралъул авалалда мажгиталги мадрасабиги гIемерлъанагIан, умумузул динги, гIалимзабиги жакъа ругез рикIкIунел гьечIин абуни, дун мекъи ккеларо. Жакъайин абуни, дибирлъиги будунлъиги, хъулухъал гIадин, хадур лъугьун гIарцухъ балагьулелцин ратулел руго.

## РитIухъаллъун рукIине куцана

СССРалъул заманалда гьарурalги, цIалаpалги ва хIалтIаралги ругелъул, ниж куцана сундулъго ритIухълъи цIунизе, лъикIлъи гьабизе. Кире нилъги, нилъер миллатги, гьаб гIуцIиги унеб бугеб, рахьдал мацI бицунелги дагьлъулел ратанани, тарихги лъалеб батичIони, адабияталдеги маданияталдеги кIварги кьолеб батичIони? Жакъасеб «демократиялъ» батараб нух буго гьеб. Гьеб буго, нилъедаго лъачIого, бецIаб кIкIалахъе нилъ рачунеб нух. Заман цебе туркIанагIан, базараздаги тукабаздаги багьаби тIадеялдаса тIаде хиралъун гурони учузлъулареб мехалда, халкъалда гьоркьоб разилъи гьечIолъи баккичIого хутIуларо.



Жиндир заманалда бачIунеб буго пенсия, хIалтIулезе кьолел руго харжал, хIалтIуларезе – пособиял, лъималазе ва гIемер лъимал ругезе хIукуматалъ гьабулеб буго кумек. Гьедин бугониги, камулел гьечIо хIукуматги президентги какулел, гьезде гьечIел гIайибал рехулел; нилъеда гьорлъги рукIун, мискинхалкъ мекъаб нухде рачине къеркьолел «дикторалги лекторалги».

ГIолохъанав ГIумарасхIаб гIахьаллъана Союзалда тIоритIарал спартакиадабазда, республикаялда эркенаб гугариялъул къецазулъ, щвана призалъулал бакIал ва грамотаби. Гьесул гIумрудулъ чанги ккана кIочонарел лъугьа-бахъинал. Бищунго асар гьабуна гьесие магIарул шагIирасулгун ккараб лъай-хъваялъ. «Гьеб ракIалде щведал, цо-цо мехалда битIахъе ракIссудулеб пашманлъиги бачIуна, - ян байбихьана гьес. – ГIумархIажиян довги, ГIумарасхIабан дунги, релълъарал цIаразго батизе ккола ниж цоцазе гIагараллъун гьарунги рукIарал.

Гьесулгун дир тIоцебесеб лъай-хъвай ккана Москваялда, СССРалъул Рагъулал Къуватазул спортсменазда гьоркьор эркенаб гугариялъул къецазда. Гьенив, Ленинградалъул ральдал рагъулаб округалъул командаялда гьорлъ, гIахьаллъулев вукIана дунги. Гугарулаго, лъабабилеб къо унеб букIана. Дир хутIун букIана цо финалияб дандчIвай. Дида данде речIчIулев, хIалбихьи бугев, тирияв гугарухъан вукIин лъайдал, дун цIодорго хIалтIулев вукIана. КватIичIого рес щвана, дандияв горбода лъун, эхеде ворхизе. Циндаго трибунаялдаса магIарул мацIалда ахIулеб рагIана, гьев гьаниве нижехъе рехеян. Дица дандияв гIодов лъуна. Судияс дир квер борхана.

Гьенив дун лъалев, магIарул чигIаги щивдаян гIажаиблъун, сверухъе валагьидал, лъазего лъаларев чияс аскIовеги вачIун дир квер босана. Лъай-хъвай гьабидал, гьев ватана ГIумархIажи Шахтаманов. Гьес абуна жиндирго гьалмагълъиялда, нуж рукIанин жинда магIарул чи ватиларин гьев, ахIдогеян, амма гьасул кьварараб вагъа-вачариялъго бицунеб букIанин гьадав гугарулев солдат магIарулав ватизе кколилан. ТIокIабги кинаб мугIрул цIум нужее къваригIун вукIараван, махсарадего гIадин, гьес дир гъажалда квер кIутIана. Гьеб къоялъ гьес дие лъикIаб гIаданлъи гьабуна ва таксиги ккун нухда тIовитIана.

Гьелдаса нахъе ана чамалиго сон. Армиялдаса вуссун хадуб институтги лъугIизабун, ЦIияб ЧIикIаб школалда физкультураялъул учительлъун хIалтIулев вукIана дун. Дица дарс кьолеб заманалда цо чагIи рачIана спортзалалда жанире. Гьезда цадахъ вукIана Шахтамановги. Дида ракIалде щвана Москваялда гьес дие гьабураб гIаданлъи. Гьанже живго дихъеги щун вуго. АхIила, гьобоindependent лъиги гьабила, амма вачIинадай машгьурав шагIир дихъе, гIадатияв мугIалимасухъеян ккана.

Гьеб къоялъ школлъималазулгун хъвадарухъабазул дандчIвай букIана. Гьенив кIалъазе вахъарав Шахтамановас, Москваялда диргун жиндир ккараб ракIалдаго гьечIеб лъай-хъваялъул хIакъалъулъ бицунаго, щаяли лъаларо (абизегIан кIудияв спорталъул чиги дун вукIинчIо), цIалдохъабазда цебе рецц-бакъ гьабун, гIемер хинал рагIаби абуна. Гьеб жинда киданиги кIочене гьечIо», - ян лъугIизе тана ГIабдулаевас ракIалдещвей.

Машгьурав шагIирасулгунцин гIамал рекъарав, цIалдохъабазе вокьулев, гьудул-гьалмагълъи гьарзаяв спорталъул мастер ГI. ГIабдулаевас жиндирго къуватги, лъайги, махщелги кьуна цIалдохъабазе лъикIаб тарбия кьеялъеги, спорталде рокьи куцаялъеги.

## БатIиял рукIине ресго букIинчIо

Нижги, нижер гIелалъул учительзабиги батIияллъун лъугьине рес букIарабищха, советиял школазда цIаларал, Советазул заманалда институтал лъугIарал, коммунистазул тарбиялъги пропагандаялъги куцарал рукIиндал, нижее дандекколеб гьечIо гьаб гIуцIиги, гьеб гIуцIулел «демократалги», гьез билълъанхъизабулеб гIалагъважаги.

Щибаб рукъалъул вуго бетIергьан – гIумруялъул хIалбихьиги, гьунарги, къуватги бугев. ГIадлу гьабун бажаруларев чи рукъалъул бетIерлъун тани, гьениб гIадлу букIунаро. Росдал яги районалъул бетIерлъун гьединав чи ккани, гьенибги гIадлу букIунаро. Гьеб рахъалъул пикру гьабуни, щалха гьаб заманалда ккун ругел депутаталлъунги бутIруллъунги? Советияб гIуцIиялъ киданиги чIукIиначагIи, вахьнаби ва туснахъалде ккарал хъулухъалда толароан. Нагагь депутатлъун яги председательлъун вищарасухъа хIалтIи гьабун бажаричIони, рищиязул болжал лъугIилалде нахъе рахъулаан. Гьанже абуни, гьеб иш бараб буго гIарцудаги, гIагарлъиялдаги, гьудул-гьалмагълъиялдаги.

Гьабулеб ишалъулъ жавабчилъи цIикIкIарав, ракIбацIцIадго тIадкъараб иш тIубазабулев, рагIи бадибе абулев, ритIухъав чияс бетIерлъи гьабулеб бугони, гьайгьай, гьединав цадахъ хIалтIулезеги вокьилаан ва вокьизеги вуго. РакIалда буго цо гьадинаб лъугьа-бахъин. Дица, дирго тIоцебесеб кучIдузул тIехь кьуна анцIабилеб классалда цадахъ дунгун цIаларасе. Цо лъагIалидасан дандеккараб мехалда цIехон букIана доб дир тIехь чIагогIатIго рокъобегIаги щванищан? Щванин абуна. Гьебго къагIидаялъ дирго гIагарав чиясги ана цо тIехь. Гьелъулги хIакъикъат ккана гьадинаб. ГIагарас абулеб рагIана Рамазаница чIанда хъван бугилан абун.

Дун гьел кIияздасаго вохарав вуго, гьел руго дир кучIдузе къимат кьурал критикал. Байбихьудаго дир асаразе кьварараб критика гьабун букIарабани, цIакъ лъикI букIинаан. Жакъа гьечIелъул критикалги цензоралги, Советияб заманалда гIадин. Дидаги гьанже бичIчIулеб буго хъвадарухъанасе, шагIирасе критика чара гьечIого хIажатаб жо бугеблъи.

Нилъ дунялалде рачIун руго гIицIго лъикIлъи гьабизе, гьедин нижехъа бажарараб хIалалъ гьабизеги гьабуна.

***Рамазан АБУЛМУСЛИМОВ,***
***БежтIа участокалъул***
***Гьунзиб росу***

# Цин - росдал къо, хадуб - хIалтIул къо



**Исана августалда байбихьана Шамил районалъул Ругъелда росдал къо тIобитIизе. ЦIакъго бечедаб тарих росдал гьечIониги, тарихалъул учитель М. ГъазимухIамадовас гIемерал баянал кьуна росдае кьучI лъеялда бан. Росу лъугьун буго сверухъ рукIарал кулабаздаса гIадамалги данделъун.**

Доб заманалда тушманасдаса цIунизе гьез гIуцIун буго жакъа бугеб бакIалда росу. Гьебин абуни буго нахъа кьураби ругеб, цояб рахъалда гъваридаб кIкIал бугеб бакI. Росулъе, кIкIал гьечIеб рахъалдасан, кавуги букIун буго. Жакъа къоялдаги, лъалеб хIалалда, кIкIал бугеб рахъалдаса, росу ахадаса тIараде щвезегIан къед буго, гьеб къед ккола щибаб рукъалъул къедлъунги. Росулъ чанго тухумги букIун буго: анчIасулал, гIалихIмадилал, тIахIлалал, кIуркIуналал, хIагулал, мирзаласулал. Росулъа гIолохъаби гIахьаллъун руго батIи-батIиял рагъаздаги. Дагъистаналъул ГIелмияб централдаса рачIарал гIалимзабазул кумекалдалъун кIвана, росдал рагIалда, зиярат хIисабалда рукIарал къанабаздаса мухIканго цIаралги ва хвараб заманги лъазе. Гьенир ратана Ираналъулгун рагъда, гъазаваталъул заманалда ва цогидалги рагъазулъ шагьидлъаразул цIарал. Жакъа гьезул ва граждан, КIудияб ВатIанияб рагъда шагьидлъаразул цIарал мармаргьецIоялдаги хъван руго росу рагIалда эхетараб мемориалияб комплексалда. Гьелдаго руго граждан ва КIудияб ВатIанияб рагъда, афганазул рагъулъ, Сириялда гIахьаллъаразул, хасаб бакI тун буго СВОялда гIахьаллъаразул цIарал хъвазеги. КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъун вуго 44 чи, тIадвуссун гьечIо 32-яв.

Росулъ школа рагьун буго 1928 соналъ, 1970 соналда - гьоркьохъеб школа. 1936 соналда гIуцIун буго колхоз. Росулъа рахъун руго гIемерал диниял гIалимзаби. Масала, Кьелеса ГIали. Гьес дарсал кьун руго Къудукьа Мусаласеги. ШигIитаздаса гIелму бацIцIад гьабизеян гьев витIун вуго Самур гIоралъул рахъалде, гьанжесеб Рутул районалъул Кусур (ГьочотIа) росулъе. Ираналъул ГIабас-шагь Дагъистаналде кIанцIидал, гьезул аскаралде данде киндай рагъилаян рукIаго, гьес малъун буго бутIрул ахIейин нилъехъего гьоболлъухъ, нужеца абуралда рази ругин абизе. Гьел тIаде щведал, чIван руго ва хутIарал тIурун унги руго.

Росдаца ислам къабул гьабун буго XI гIасруялъул бащалъуда. Росулъ хутIун руго гьелде щвезегIан насраниязул дин букIин бицунел ганчIазда гьарурал накъишал.

Жакъа росулъ буго къелдерил анлъго росу гъорлъе бачараб администрация, 25 чиясе вегизе бакI бугеб участкаялъулаб больница, почалъул отделение, мадраса, цIигьабураб мажгит, исана тIадеги бана цIияб ФАП, ясли-ах, культураялъул рукъ.

Данделъиялда росдал бегавуласул заместитель ГI-А. МухIамадовас рехсана ахирал соназда росулъ гьарурал хIалтIаби. Гьелги гьарун руго жамагIаталъул кумекалдалъун. Росулъ аслияв къватIазде тIун буго хьил, хисун руго трансформаторал ва токалъул хIубал. Росдал кулабазде рахъун руго нухал, бакI-бакIазда хIавузалги ран, росулъе бачун буго цIияб лъел мухъ, цIигьабун буго администрациялъул мина.

ругьун гьариялъул бугеб кIваралъул бицана гIалим Ш. ЗайнулгIабидовас. РукIа-рахъиналъул ва сахаб гIумруялъе пайдаял малъа-хъваял гьаруна тохтур М. МухIамадовас. Росу цIигьабиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуразе кьуна Баркалаялъул кагътал.

Ахирал соназ росдал бюджеталъул ва бугеб хIалалъул баян кьуна бегавул Гь. ГьитIинамухIамадовас.

КIиабилеб къо букIана росдае пайдаял хIалтIаби гьариялъе




Бицана СВОялда ругел гIолохъабазул хIакъалъулъги. Тарихалъул учителас данде гьарун ругоан щивасул гIумрудул баянал, гьезие щварал шапакъатазул бицунел хIужаби. ЖамагIаталъул рахъалдасан гьезие баркалаги кьуна ва дугIаги гьабуна росдал дибирас. Спорталде лъимал сайгъат гьабураблъун. ГIуцIана гIолохъабазул чанго бригада. Ва щибаб бригадаялъ тIаде росун гьаруна росулъ чара гьечIого гьаризе кколел цо-цо хIалтIаби. ПалхIасил, гьеб къоялъ хIалтIи камун чи хутIичIо.

***Сайпула***
***ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ***

## СУРАТАЛЪ НУГӀЛЪИ ГЪАБУЛА



**ГӀандигӀоралда тӀасан лъураб кьо. Агъвали росдада аскӀоб бакӀ. ЦӀумада мухъ. 1949 сон.**
**«Восточный Кавказ» тг-каналалдаса**

## ЗАМАГАДАРЛЪАРАЛ РАГӀАБИ

ГАЗГАЗАЛ хӀарщулъан рилълъине гъабураб тӀагӀел, махсарачагӀаз гьанжеги хӀалтӀизабулеб цӀулал тӀагӀел, (гӀ.м. ходули).
Газгазазда аразул хӀатӀида хӀарщ хъваларо…
Махсарачи газгазаз ворхалъизе гьавула,
Гьев киназдасагоги халатавлъун вихьула… (аби)

ГОНЕГА гвенега, гӀисинал мугъазул тӀирщел, лъадакъаб бакӀалда баккулеб тӀерщел, (гӀ.м. сорт просы).
ТӀилим-дилим бачун, ячарай лъади,
Гвенгил хинкӀал тӀагӀун, йиччазе ккана… (х.к.)

ГАЖИ махсараялъул гӀаксияб, (гӀ.м. серьезность).
Дур махсара батани, дирги гажи гуро… (аби)
Махсара гьабулаго, гажиги гьоркьой ккола… (х.к.)

ГУРЦӀ ихдалхӀинчӀ, сурмияб хӀинчӀ, кочӀода ахӀдолеб хӀинчӀ, (гӀ.м. жаворонок).
ГурцӀ абураб рагӀул адабги гьабун,
Элъул кечӀ рагӀизе бокьула дие…

ГОРЕН боцӀи жанибе гъолеб чали, (гӀ.м. загон для скота).
Горен ккола гӀалхуда, сверун чалиги хьухьун, боцӀи гъезе гьабураб бакӀ – тӀекъечӀеб, щватаб бокь… (х.к.)

ГАЛГЪАЗЕ хвезабизе, чӀунтизабизе, гьетӀизабизе, (гӀ.м. испортиться).
Галгъан батараб тӀарс битӀизабула… (аби).
Хвараб жо къачӀалебила, хварав чи вахъунарила… (кици)

ГАНКӀАДИЗЕ инагьдизе, урхъизе,
Мунгун гаргадула ганкӀадулеб ракӀ…
Мун ганкӀаданиги, духъе щолареб
Щобазул гӀансиде хиял гьабула… (х.к.)

ГАРАС тӀаса гарбида лъугьарал кьаралъиялъул сукӀалаби, яги хатӀих тайпаялъул, тӀад чӀилди-гъилди балеб гӀер.
Гарсал, гарсил, гарсица,
ТӀасахъа гарбида гарсалги лъугьун,
Иш квеш бихьуларо бихьинчиясул…
Гарсида бахӀазе батун бугеб жо –
Жибго ретӀел-кунцин камун гьечӀоан… (х.к.)

***ГӀАБАСИЛ МАХӀАМАДИЛ***
***«МагӀарул болмацӀалъул магӀнавияб паргьангалдаса»***

## РАГӀИКЪОТӀИ



**ГӀебеде:** 3. Бахчадулаб культура. 5. Аллагьасде гьабулеб гьари. 7. Мехтизарулеб гьекъолеб жо. 8. ГӀадамаз хӀухьбахъи гьабулеб бакӀ. 10. ЦӀулал устарасул алат. 12. Тункараб ботӀрода лъугьунеб гӀаламат. 15. КучӀдузул цо тайпа. 18. Гьеб цӀунун вагъана имам Шамил. 21. Хер бецизе хӀалтӀизабулеб алат. 23. ЧчугӀихъанасул транспорт. 24. Нахги хьонги жубан лъугьунеб нигӀмат. 25. Украинаялъул парламент. 26. БоцӀи-панз хьихьун чӀараб бакӀ. 27. Унеб рахъ-мухъ лъаялъе туристазе хӀажалъулеб алат.
**ГӀодобе:** 1. Бусадул къайи. 2. Къосарав чи. 4. ХӀайваналъул жанисеб лага. 6. Конфетазул тайпа. 9. Заманалъул гьитӀинаб бутӀа. 11. Тунчузул тайпа. 13. Харил, сумал кӀудияб гъуни. 14. ХӀайваналъул лага. 16. ЦӀадаса ХӀамзатил «Айдемир ва Умайгьанат» пьесаялъул героиня. 17. Чуязул рехъен. 19. Кодоб щиб букӀаниги кквезе гьабураб санагӀалъи. 20. Росдал магӀишаталъул транспорт. 21. Хер бецулеб бакӀ. 22. Рахьдал нигӀмат.

***ХӀадур гьабуна ЧӀарада районалъул Гьочоб росулъа ГӀалиасхӀаб ДАВУДМИРЗАЕВАС.***

**31-абилеб номералда лъураб рагӀикъотӀалъе жавабал:**
**ГӀебеде:** 1. Ахти. 6. ГӀомо. 8. Жанавар. 11. ГӀажал. 12. Диана. 13. Сарат. 15. Азали. 16.Рас. 17. ХъитӀ. 19. ГӀалах. 20. Сас. 22. ТӀул. 25. БачӀин. 29. ШвантӀ. 30. Раххан. 31. ГодекӀан 32. Итни. 33. Рекьи.
**ГӀодобе:** 2. ХалгӀат. 3. Мажлис. 4. Жавгьар. 5. Мандат. 7. Мучари. 9. Ижара. 10. НагӀли. 14. Авара. 16. Рос. 18. ТӀил 21. Аскар. 23. Урахи. 24. Ришват. 25. БотӀрокъ. 26. ЧӀалгӀен. 27. Нардал. 28. ГӀондокь.

## ХӀУЖАБИ ВА БАЯНАЛ

НекӀо кванил гӀучӀалдаса пайда боси рикӀкӀунаан къабихӀаб ишлъун. ТӀоцебе XI гӀасруялда Италиялда хӀалтӀизаризе байбихьана гӀучӀал. Италиялъулаз гьел хӀалтӀизарулаан спагетти тӀад тиризабизе. Динияб агьлуялъ гӀучӀал рикӀкӀунаан БетӀергьан хӀакъир гьавилъун. ГӀилла - гьел инсанас ургъун рахъарал «кверал» рукӀин.

* * *

Египеталъул къирал Клеопатра йикӀинчӀо египеталъулай ва гьей Египеталдаги гьайичӀо. ТарихчагӀаз абулеб буго, Клеопатра кколила грекай, Александр Македонскиясул генерал Птолемейил наслуялъул гӀадан.

* * *

Миллияб географиялъул гӀуцӀиялъул баяназда рекъон, наязда кӀола ралъдал гъумералдаса 8999 метралъ борхалъудасан роржине. Гьеб ккола дунялалда тӀад бищун борхатаб Эверест мегӀералдасаги жеги цӀикӀкӀун борхалъи.

ХӀАКЪИКЪАТ
**БетӀерай редактор** ХӀАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
**Заместитель** Зикрула ИЛЬЯСОВ
**Жавабияв секретарь** МухӀамадхӀабиб МАХӀАТӀОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор: **Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухӀамад Манапов
**Информация, политика, гӀелму ва лъай кьей**
Редактор: **Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГӀалисултанова

**РухӀияб хазина**
ПатӀимат СултӀанмухӀамадова
**Адабият**
Шамай Хъазанбиева
**Росдал магӀишат**
Редактор: **ГӀабаш ГӀабашилов**
ПатӀимат МухӀамаева
**ЦӀалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГӀайшат ХӀалакъова

**Корректорал**
Хадижат Дамаданова
ХӀажи Ибранов
**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
Эльмира Испагиева
Электронияб почалъул адрес: **istina@etnomediadag.ru**
**www.hakikat.info**
Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахӀачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватӀибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахӀачхъала Пушкинил къватӀ, 6
«ХӀАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГӀУЦӀАРАЛ:

ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство (ГБУ «Этномедиахолдинг «Дагестан»
Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул, балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гӀахьал гьабулеб
**Тираж - 4649**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагӀалие)
Багьа 15 гъурущ

БатӀи-батӀиял соназда газета къватӀибе бачӀунеб букӀана хадур рехсарал цӀаразда гьоркь: «Заман», «Аваристан», «ХӀалтӀулел чагӀи», «БагӀарал мугӀрул», «МагӀарул мискинзаби», «МагӀарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагӀарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагӀараб байрахъ».